b38251450
18.00
E

Menès Dejwa

Masuife

Pyès teyat

Haitian
Creole
972.
9407
De
East

MAR 05 2019

Menès Dejwa
Masuife (Pyès teyat)

© Éditions HAFECE, 2015
P.O. Box 1630 Valley Stream, New York 11582
hafece@gmail.com

Pajinasyon :
Frantz Balthazar
Konsepsyon kouvèti a :
Menès Dejwa ak Frantz Balthazar

Depi Menès Dejwa pa bay dizon li, pyès moun, nan kèlkanswa peyi a, pa gen dwa mete liv sa a nan yon lòt lang, ni tou yo pa gen lalwa fè kopi li oubyen adapte li.

Edisyon 2015

Pou Ruth Rosier ak Tòtòf ki te vle monte Masuife ak tout fòs,
Pou Sonia Pierre ki goumen tout vi l pou Ayisyen nan peyi Panyòl gen dwa viv tankou moun,
Pou tout Vyewo, Kongo, Kongolito ak Konga ki mouri nan zafra.
Yo douvan, nou dèyè !

M di tout zanmi ki ede m pase men nan Masuife mèsi, mèsi anpil !

Onè lasosyete

An 1978, Moris Lemwàn (*Maurice Lemoine*) ki se yon ekriven-jounalis franse debake an Ayiti. Li monte desann Kwadèboukè ak Leyogàn pou li suiv mouvman anbochay brasewòs Ayisyen pou y al koupe kann nan Panyòl. An apre, li travèse an Dominikani pou l al gade nan ki kondisyon brasewòs yo ap viv, nan ki kondisyon y ap travay nan bate yo. Kit se te an Ayiti oubyen an Dominikani, Lemwàn te dekouvri yon konfyolo ki te byen monte ant gouvèlman ayisyen ak gouvèlman dominiken pou yo prije fòs travay Ayisyen. Lemwàn te wè ak de grenn je nan tèt li kalte abi, enjistis ak imilyasyon brasewòs Ayisyen sibi ni nan anbochay an Ayiti ni nan bate Sendomeng.

Lemwàn pa nan je wè bouch pe. An 1981 Moris Lemwàn pibliye « Sik Anmè » (*Sucre amer*), yon liv repòtaj sou komès brasewòs Ayisyen ant otorite ayisyen ak otorite dominiken. Pandan m t ap li liv sa a, lide pou m ekri yon pyès teyat (*Masuife*) sou lavi brasewòs nan Sendomeng te pase nan tèt mwen. Se te an 1985. Te gen apeprè 250.000 Ayisyen an Dominikani. An 2015, kantite Ayisyen k ap viv nan Panyòl depase 500.000.

Se pa de evènman ki pa pase an Ayiti ak an Dominikani depi piblikasyon liv Lemwàn lan ak depi lè m te ekri *Masuife*. An 1986, pèp Ayisyen leve kanpe toupatou nan peyi a yo rele aba makout, aba Divalye, aba enjistis, aba kraze zo. Pèp Ayisyen leve kanpe yo rele yo bouke pase mizè, yo derefize viv ak baboukèt nan dyòl. Nanpwen lapriyè ki pa gen amèn. Vle pa vle fò l jije. Pèp Ayisyen rele li rele li rele. Asosye diktati a tande rèl la. Yo pa fè ni de twa yo kouri vin rale Janklod Divalye al sere an Frans 7 Fevriye 1986.

Ke makak la koupe. Divalye tonbe. Pèp Ayisyen frape pye l atè. Se ra se ta. Okenn gouvèlman nan peyi d Ayiti pa dwe janm siyen kontra pou Ayisyen al koupe kann

Sendomeng ankò. Diktati ale, lamizè rete. Kondisyon pèp la pa chanje. Ale vini ant Ayiti ak Dominikani kontinye san kontra. Bouskonès ranmase Ayisyen sou fwontyè, yo mennen yo ale nan zafra. Koutye Ayisyen pran kòb nan men peyizan pou yo kondi yo ale... Lamizè pa dous. Nan mache chèche kote dlo a koule pi fre, yon bann ak yon pakèt Ayisyen pase anba fil pou yo pot tèt yo ale nan bate.

An 1987, Ayisyen vote yon konstitisyon tou nèf. Konstitisyon se papye, se pòt an bwa. Pòt an bwa pa goumen ak pòt an fè. Bayonèt se fè. Se fè ki koupe fè... koutba, koudeta, zenglendo, ensekirite, envazyon, okipasyon, gouvèlman pwovizwa, goudougoudou, siklòn, kidnaping, kolera... kondisyon lavi pèp Ayisyen angrave.

Lòt bò fwontyè, nan Panyòl, nouvo lwa imigrasyon an 2004, nouvo konstitisyon an 2010, desizyon tribinal konstitisyonèl an Septanm 2013... prejije, malfezans, pèsekisyon, lesklavay, peripesi, depòtasyon... kondisyon lavi Ayisyen k ap viv an Dominikani vin pi mal.

Masuife pa yon pyès sou evènman ki pase sa gen bèldriv... *Masuife* se reyalite lavi Ayisyen an Dominikani ak an Ayiti nan jounen jodi a.

Menès Dejwa
Jiyè 2015

Pèsonaj

Twa Ayisyen nan yon bate an Dominikani :
Kongo, yon granmoun gason.
Konga, yon granmoun fanm.
Kongolito, yon jennonm 17 an apeprè.

Premye tablo

Sèn teyat la se yon chanm kay nan bate an Dominikani. Kèk batanklan gaye pasipala: gode, yon kivèt plastik, vye mamit, zèl sapat depaman, vye valiz, ralfò, yon chapo pay, yon kalbas, yon bokit dlo. Gen on vye bale atè a. Sak kòlèt ak ranyon ploye nan yon kwen. Kongo chita sou yon bokit an plastik ki chavire bouch anba. Li gen yon chemizèt sou li. Chemizèt la sal, li dechire. Kongo ap file yon manchèt koulin. Konga gen on soutyen sou li ak yon vye jip ki pyese pasipala. Li chita sou yon sak kòlèt, zegui ak fil nan men li, l ap ranje yon kòsay. Tanzantan, Konga baye, li plenn. Toudenkou, Konga voup li leve. Li pwoche bò ranp lan. Li mete men dwat li an kan nan fontenn tèt li, sou je li, li bosi do li, li panche tèt li kòmkwa pou l suiv sa k ap pase pi lwen.

Konga *(vire tèt li nan direksyon Kongo, li fè l siy pou li mache sou li)* **:** Kongo, vini m pale ou !

Kongo pa briding.

Konga : Kongo… vini… vini vit... kouri vin gade !

Kongo : Vin gade ki sa ? *(Li leve. Li kòmanse mache sou Konga dousman dousman.)*

Konga : Mwen di ou kouri...

Kongo : Men pouki sa ?

Konga : Tonnè, ala gason gen pye dous papa !

Kongo mache on ti kras pi vit pou li rive bò kot Konga.

Konga : Voye je ou anba bit la. Ou wè on nèg sou yon chwal… pa vre ?

Kongo *(mete men li an kan nan fontèn tèt li, sou je li... li gade, li gade...)* **:** Konga machè, mwen pa wè pèkseswa.

Konga : Kòman, solèy la vegle je ou. Men… men li sou chwal la. Men yo rive nan dètou bò kot pye mango a.

Kongo : Mwen pa wè ni moun ni chwal !

Konga : Je ou pete ! *(Li lonje dwèt li.)* Men, men li… men li !

Kongo : M pa wè ni Senjak Majè ni Kapwa Lamò !

Konga : Oke, ou pa wè Senjak Majè, ou pa wè Kapwa Lamò, men ou wè galipòt sou chwal li ?

Kongo : Galipòt ?

Konga : Fòmann Kapatas, makanda chèf zafra !

Kongo *(gade, li gade...)* **:** Mwen di ou, mwen pa wè anyen ! Anba a blanch kou koton.

Konga : Swa se mwen k wè mò osnon se ou ki gen fil arenyen nan nawè ou !

Kongo kase tèt tounen. Li kontinye file manchèt lan. Konga li menm ret kanpe ak vye kòsay l ap rapyese a nan men li. Li tonbe babye.

Konga : Dyemizerikòd ! Pouki se nan mazi jouk nan fon rak bwa sa a nou te vin antere kadav kò nou ! Ou te mèt… ou te mèt bwapiwo ou te mèt gen lonnvi ou pa fouti wè oken mouvman k ap fèt nan plenn lan. *(Apre yon ti tan, li tchuipe.)*

Kongo *(plenn)* **:** Se kòmsi nou te nan peyi pèdi.

Konga *(tchuipe ankò)* **:** Ou kwè mouche Kapatas pa bliye nou nan touhing sa a ? *(Li voye je li gade anba.)* Kongo, men sa m te di ou la ! M pa t wè mò ! Se te li... Men Kapatas remonte chwal la douvan dèyè ! Men li ! Men Kapatas, men li. *(Li pran ponpe.)* Se li menm tololo... Se li menm tololo… Se li… Se li menm menm, men li… Men l ap monte kote n ! *(Kongo tchuipe byen fò.)* Kongo, vin gade ak de grenn je nan tèt ou si ou kwè m manti ?

Kongo : M kè pòpòz !

Konga *(kontinye suiv)* **:** O, o men l kase tèt tounen… Kongo, ede m bare Kapatas… !

Kongo : Kongo pa p monte, Kongo pa p desann !

Konga : Men l antre nan chimen jennen… Ann tache dèyè l, Kongo ! *(Li pran rele.)* Kapatas… Kapatas !

Kongo : Kongo pa p desann, Kongo pa p monte !

Konga : Abitan, leve pye ou !

Kongo : Loko basiye tèt anplas… poto plante pa bouje !

Konga *(rele)* **:** ...Kapatas, Kapatas ! Men li kanpe anba pye flanbwayan an. Kongo, vini, vini vit, vin ede m kenbe rèl la !

Kongo : M pa p fè yon pa kita, yon pa nago.

Konga : Kongo, ede m ! Ede m rele Kapatas, non ! Kapatas... Kapatas... *tengo* grangou... Kapatas... Kapatasssss... mwen grangou !

Kongo : Sispann fè grimas non, machè ! Y a pale nou mal, wi !

Konga : Ede m rele ! Kapatas... Kapatas... *el... el... dine... wo...* Kapatas, kale m lajan m ! *(Finalman, Kongo leve kanpe. Pandan l ap pwoche, Konga al rale l pou fè l mache pi vit. Kongo rale men l nan men Konga.)* Kapatas... Kapatas... Kapatas !

Kongo : Grangou bay kretyen vivan latounay toudisman, je vewon, je twèt, lakòz yo wè mò. Ki kote... ? Kote l... ?

Konga : Men li ! Men Kapatas ! Grangou bay blakawout... anpeche je pichpich wè grenn klou beton disèt longè ki prèt pou kreve je yo. Woy ! Woy ! Woy ! Men Kapatas chankre agoch. *(Li rele.)* Kapatas... Kapatas... Kapatas...

Kongo *(pwoche pi pre)* **:** Ki kote ? Ki kote ?

Konga : Men li, men li ! *(Li lonje dwèt li pou li montre Kongo sa l ap di a.)*

Kongo : M pa wè anyen non, mwen !

Konga : Si ou pa wè, tande ! Kongo, tande ! Tande chwal la… plòkòtòp, plòkòtòp, plòkòtòp, plòkòtòp !

Kongo : M pa tande anyen !

Konga : Plakatap, plakatap, plakatap, plakatap… Ou pa tande chwal la… ? Plakatap, plakatap… Bon gade ! *(Li rale Kongo. Li lonje dwèt li kòmkwa pou li fè Kongo wè Kapatas)*. Gade, gade do Kapatas ki prale, men, men… men zèl chemiz li k ap pran van…. Kapatas !

Kongo : M pa wè anyen !

Konga *(tchuipe)* **:** Agasou gen je, li pa wè ladan yo. Agasou gen zòrèy li, li pa tande ladan yo. Sa Agasou vin chèche nan Panyòl ? *(Li rele.)* Kapatas ! Kapatas !

Kongo *(gade, li gade)* **:** Rete... apa se te vre ! *(Li tonbe rele.)* Kapatas... Kapatas... Kapatas !

Konga *(tchuipe)* **:** Kabrit fin janbe baryè, se lè sa a ou ap rele bare.

Kongo : Kapatas... Kapatas... Kapatas... *la plata... la plata…* ban m kòb mwen !

Konga : Rele, rele non ! Ou fout kite l fin ale, se lè sa a ou ap louvri gagann ou.

Kongo : Kapatassss… Ede m, Konga…Ede m rele bare… Konga ! Se nan chimen jennen yo kenbe chwal malen… Ede m rele bare Kapatas… Kapatassss !

Konga : Rele anmwe, rele anmwe pito jiskaske ou anwe !

Kongo : Anmweeee… Kapatasssss… Ede m rele non, Konga… Ede m rele bare… Konga ! Kapatas… Kapatasssss !

Konga : Ranni jiskaske lalwèt ou tonbe…

Kongo *(fè mouvman sou sèn lan ; l ap rele Kapatas)* **:** Kapatas, Kapatas, Kapatas…

Konga : Wouke jiskaske souf ou koupe.

Kongo : Konga, ede m rele Kapatas…. Kapatas... Kapatasssss !… Konga, ede m rele… Kapatas…. Kapatas !!!

Konga : Ranni jiskaske ou pèdi konesans ! Si nou te met vwa nou ansanm depi tout tan sa a, pa gen jou pou nou pa ta rete Kapatas sou kous li.

Konga retounen al chita.

Kongo : Kapatas wi… *(Li tchuipe.)* Ki mele Bondye nan grangou chen ?

Kongo rekòmanse file manchèt la.

Konga : Omwen nou ta mande de ki prevyen, de ki mannigans... yè yo pa ban n senk, se nan kase double nou rive jwenn dekwa pou n kore lestomak nou. Jodi a, jiska sètsèzè nou panko konnen ki mò ki touye lanprè... Kouzen, se pa sa ou te di m !

Kongo : Se te pawòl dous kou siwo pwomès bèl nòs pou vire lòlòj tifi fisèl ki gen foli marye. Se toujou kon sa yo trennen bèf labatwa.

Konga : Depi Pòtoprens otorite te deklare yo siyen papye tenbre pou nou resevwa yon peso chak jou toutotan panko gen travay. Kondisyon se kondisyon. Se pou yo kale n lajan nou. Pwomèt se dèt !

Kongo : Pwomèt se dèt lè ou annafè ak moun serye, moun de byen. *(Apre yon ti tan.)* Antouka, si se pou ti mannigèt mwen ak ou, gwo palto nan peyi isit pa p briding.

Konga : Epi sa k pi touye m nan... zafè ki jou, ki lè, izin yo ap louvri, se sekrè mason. Lè ou eseye fouye zo nan kalalou pyès moun pa okipe ou. Yo pa pete nan koton ba ou santi.

Kongo : Tankou lakay !

Konga : Mwen fanm… vyèytimenn mwen… m pa p mouri sou pewon kay vwazinay.

Kongo : Konga kòmè, m pa konn pou ou ak Kongolito. Timal nan mal, men li pa nan mal nèt. M sanlè reziyen m mare pakèt mwen pou m pran chimen peyi m. Sa l fè l fè. Adjo lazafra !

Konga : Zòt di toutotan sezon an pa fini, fwontyè a ap ret kadnase pou pyès moun pa sove ale.

Kongo : Ki koze ? Y ap tyanse. Di m, sa n ta ye la a menm... yon makòn zonbi sou labitasyon… yon divizyon esklav nan Sendomeng !

Konga : Sife, konpè m !

Kongo : Ala de saltenbenk, ala de salmanaza !... nou gen pou n sibi sou latè beni !

Apre yon ti tan.

Konga : Bon, pou dat Kongolito deplase, apa li panko tounen toujou… se pa posib li genlè pran nan zatrap malveyan nan lari a.

Kongo : Pa fatige lespri ou.

Konga : A, malè pa mal bò isit, bwesonyè rale manchèt kwaze dekwaze pou dan griyen. Kongolito li menm, li mazèt nan jwèt la.

Kongo : Tisò poze san ou, tande !

Konga : Solèy kouche, malè pa kouche. Nou deja nan tablati, se ta abse sou klou si... *(Apre yon ti tan.)* Pa pito ou soti al chèche konnen si pa gen pi mal.

Kongo : Grate kote k ap grate ou ! Sispann anmède sante m. *(Apre yon ti tan.)* Ou pa konn sa k genyen…?

Konga : Si m te konnen, m pa t ap gen kè kase. Yèwoswa m fè yon vye rèv, Kongo. Ayayay *(Li tchuipe.)*, m wè Kongolito abiye bobis banda, li nan rara l ap danse. Sa a se rèv boulvès, Kongo. Se rèv boulvès ! M te fè lide al rakonte l kay Madan Viktò men pa gen watè nan vwazinay la.

Kongo : Si ou te gen kòb, ou ta jwe bòlèt. Danse bay 86 ak 39. Rara bay 97. *(Apre yon ti tan.)* Machè, se pa lòt bagay, Kongolito biske alawonyay ap debaba.

Konga : Ou kwè ?

Kongo : Kongolito se yon aloufa chichadò ti memwa, ou pa konn sa ?

Konga : Pa ban m !

Kongo : Lòt jou, m sote sou li k ap devore yon bout pen kanni nan plenminuit. Li pantan espantan, li pale, li depale, li manke trangle.

Konga : Se pa vèni ou ap jete sou do tibway la ? Se pa yon kout lang ou ap ba l ?

Kongo : Si ou kwè m manti, al fouye nan brisak li. Mwen sèmante ba ou, ou ap jwenn kèk fridòdòy ki plòtonnen nan ranyon sal.

Konga *(kòmanse mache pou l ale nan ralfò Kongolito)* **:** Pou jan Kongolito apòy aploum sou zafè moun... *(Li kanpe. Li vire tounen.)* En en…

Kongo : Pouki ou vire tounen ? Se Sentoma ou ye, pou ou kwè, fòk ou wè. Al founi je gade !

Konga : En, en… Kongolito se moun ki pou leve kabouyay li te gen milyonven si l bare m ap fouye nan zagribay li.

Kongo : Te m al kanpe nan papòt la. *(Li leve. Li kòmanse mache pou li ale nan pòt la.)* Si mwen wè l ap vini mwen... *(Li espantan sou Kongolito k ap antre.)* O o o sa ou jwenn… Kongolito…. sa ou pote ?

Kongolito : Sa ou genyen ou sispèk tankou chen ki fè van legliz ?

Kongo : En, en… ki nouvèl ?

Kongolito *(pase antre. Li gen yon vye tenis nan pye li, yon bout pantalon ak yon mayo sou li, yon manchèt nan men li ak yon chapo pay nan tèt li)* **:** Nouvèl batman kè, zègrè kè, krèv kè...

Konga : Kè kilès atò ?

Kongolito : Kè krityen vivan pye poudre, de bra pandye ki lage nan won tenten laviwonndede toutotou latè.

Kongo : Kongolito, ban m koze a nan bon ti mamit, sa k gen nan lòj ?

Kongolito : Zòt di nou gen vè. Nou gen sen pouse nan gawa nou.

Konga : Pouki yo di sa a ?

Kongolito : Nou pa ka ret anplas...

Kongo : Nou gen nen fen. Sa k ret anplas yo ap tonbe kou grenn lapli.

Konga : Chita pa bay.

Kongo : Mache twonpe chita.

Konga : Krab mache, krab gra.

Kongolito : Zòt di se grenn pwomennen ki te koupe kòd lonbrit nou. Nou se kochon Sentantwàn. Kòd lonbrit nou te tonbe nan nich foumi fou. Nou pa fouti pa frite.

Kongo : Dan radòt yo k ap pouse.

Konga : Sa yo di sou kòb la ?

Kongolito : Zòt di nou pran nan pwa grate, pwa pyant, pwa mache drivaye douvan pòt vwazinay.

Kongo : Sa yo di pou ti tchotcho a ?

Kongolito : Mèt laplas, mèt bitasyon ak gran komi lage n nan trennen pasipala kou chen fou. Kon sa yo ka layite boulatcha tchatchatcha banboche san kè sote.

Kongolito al depoze manchèt li ak chapo li nan yon kwen.

Konga : Se pou lavi miyò nou deyò !

Kongolito : Zòt di nou enpoze pitit tè a viv. Nou anbarase lasal. Nou se yon ekip gate pati. Nou asepte ti kraze lajan pou tout djòb lou demonte biskèt.

Kongo : Tann, ki kote ou banke ak koze komokyèl sa yo ?

Kongolito : Bri kouri nouvèl gaye... teledyòl radyodyòl ap frape.

Konga : A, siman misye espantan sou kèk vyewo medizan ki bliye yo se moun vini, van mennen, dlo bwote menm jan ak nou.

Kongo : Se vre ! Yo fè tankou yo pa konnen ki kote premye kazak yo antere.

Kongolito : Se pa yo senpman.

Kongo : Kilès ankò ?

Konga : ...Kèk Dominiken paladò dyòl alèlè an zingbrenzeng zing nouvèl sansasyonèl.

Kongo : Ou pa manti, Tisò ! Kèk albinòs grimo kontrarye zenglen bwè zenglen sou k ap deblatere rablabla rabadya pawòl tafya.

Konga : Tout lasentjounen yo chita nan yon bank zo. Toulejou yo gen yon demi ka nan bounda pòch yo. Toulejou yo bwè. Toulejou yo sou kou pipirit.

Kongo : Yo vale kleren pi rèd pase Ogoubadagri... pi mal pase grann Brijit !

Konga : Se mapya avadra yo ye.

Kongo : Yon dal valpa malandren.

Konga : Tout lasentjounen, y ap grate santi.

Kongo : Sendenden, senèryen yo ye. Yo pa p leve ni lou, ni lejè. Yo nan dènye voksal.

Kongolito : Dominiken di yo pito valkande lavi diran, annegad de yo kann bò isit mèt chèch sou pye, rat mèt fè kalinda, bat kandjanwou, bouloze lajounen kou lannuit nan tout chan kann Sendomeng.

Kongo : Parès ki nan latcha yo !

Konga : Yon katafal malfra ki bouyi zen sou do fanm onnèt k ap bouske pen kotidyen. Kite yo pale, lese yo pale. Pale moun mal se lapriyè jouda !

Kongo : Nou se brasewòs, se vre... men fanm Panyòl... oum ! Dominiken pa fouti di yo pa tande kouman ras yo ap paweze nan lavi grigri azizwèl pye lejè sou tè d Ayiti. Van soufle toulejou. Van vante ale vini bwote nouvèl toulejou.

Kongolito : Yo di kanta pou koupe kann se swa jamè. Pa gen sa pyès, « lesklavay kaba pou yo depi digdantan ».

Kongo : Kote moun yo ? Kote moun k ap pale moun mal yo ? Rele yo Kongolito, rele yo Konga. Rele moun k ap pale moun mal yo. Rele yo. Rele regadan yo.

Kongolito *(pwoche bò ranp lan)* **:** Hey ! ¡*Dominicanos ven acá* !

Kongo : Rele yo Konga. Rele moun k ap pale moun mal yo.

Konga *(chante)* **:** Kote moun yo... woy, m pa wè moun yo. Kote moun k ap pale moun mal… m pa wè moun k ap pale moun mal... Woy woy woy... woy woy woy… men devan byen, dèyè mal o !

Kongo : Wi ! Rele yo... rele yo... Kongolito, rele yo Konga !

Kongolito *(bò ranp lan)* **:** Hey ! ¡*Dominicanos ven acá* !

Konga *(chante)* : M rele yo, m pa wè yo ! M rele yo m pa wè yo ! Ayimado Kimbalada, Seza mande witi yo ! Rele yo, m pa wè yo, e ago e ! M rele yo, m pa wè yo ! Ayimado Kimbalada, Seza mande witi yo !

Kongo : Aliyen yo de pa de, kat pa kat. Opa yo dwe mache. Wann tou, wann tou pou yo vanse, vanse vin ban n ochan, vanse vin fè lareverans douvan nou jouk atè.

Konga : Ba li bwa chofè ! Se pou yo aprann konn moun. Se pou zòt aprann konprann lavi pa gen ankenn sekrè pou nou. Nou janbe dlo nou pa mouye. Nou djaye nan lapli nou pa mouye.

Kongo : Nou plonje nan fon lanmè al vizite lèmò. Nou fè loupin. Nou jwe jwèt mayanba. Nou kouche sou do pou n fè laplanch. Nou vire sou pla vant pou n naje bèl bras… Nou fè lanmou ak Lasirèn nan figi mèt Agwe. Nou donte kayiman, reken, tout vye bèt akrekre devoran.

Konga : Nou mare lapli ak ne koulan nan pwent jipon.

Kongo : Nou chennen bwadchenn lè bwadchenn dechennen.

Konga : Nou detounen van tanpèt siklòn boulvari.

Kongo : Nou pofonde. Nou konn vèti tout plant, tout fèy ki donnen nan fonbwa.

Konga : Nou bay maladi toudi, maladi touse, maladi lagratèl, lafyèv frison.

Kongo : Nou bay je drandran, lang lou, gwo pye, trip kòde, vant mennen, kakarèl dlololo latchouloulout…

Konga *(pete ri)* : Nou bay maklouklou !

Kongo *(pete ri)* : Nou klouwe klou sou maklouklou !

Konga : Nou konpoze patannte, alkali twa degout, pinga seren.

Kongo : Nou seche krapo lanmè ak pwason foufou nan solèy. Nou fè farin ak yo pou n voye sou matlòt fè yo tounen zonbi mannmannan… *(Li pran chante.)*
Bawon o m a rele Bawon o !
Bawon m a rele Bawon o !
Bawon Lakwa moutre m twa mo priyè a
Anvan m ale pou m ka pase avè mò a.
Bawon Bitasyon moutre m twa mo priyè a
Pou m ka pase avèk mò a.

Konga *(pale nan nen)* : Wi wan wi wan, men m ap pase wi wan wi wan, wi wan wi wan, men m ap pase wiwan wiwan.

Kongolito : Dominiken deklare se malfèktè nou ye. Nou pi fò nan maji, nan wanga.

Konga : Se pa maji, se don ! Se lwa rasin ki ban nou pwen an. Se ti bout kouto Bondye fè n kado pou n defann tèt nou lè aladen fè kò ansasinay sou nou.

Kongo : Genyen leta, nanpwen jistis.

Konga : Pitit sòyèt pa gen lapawòl douvan pitit otorite.

Kongo : Jistis Bondye li menm menm, se kabwèt bèf. Se asire pa sèten. Nou pa p chita ret tann !

Konga : N a demele gèt nou jan nou konnen. Baton Zaka Mede nan men nou, pou nou ta kite chen anraje detripe nou… Nou pa manman poul, nou pa p fè pitit pou n bay tako manje… heyyyy !

Kongo : Men, nou pa dènye klas malfèktè !

Konga : O non ! Kanta sa... si ou vin an byen…

Kongo : Si ou vin byen… nou resevwa ou ak bèl lizay, chay dekowòm...

Konga : Si ou rele onè lamezon, n a reponn respè... Salouwe.

Kongo : Atibon Legba va louvri baryè.

Konga : N a rale chèz. N a bat chalbari dèyè bigay, marengwen, mouch latrin. N a bat tenèb dèyè pinèz, rat, ravèt…

Kongo : N a detere bèl dra, bèl nap bwode nan fon malèt. N a rale asyèt fayans, ajantri miwadèzanj nan gadmanje.

Konga : Si ou vin an mal… ou foure pye nan letan, ou va koule.

Kongo : A wi, si ou monte sou moun an bowòm… an bakoulou dyòl dous pou ou andyoze madanm nou pou l bann zoklo fè moun joure nou gason koyo…

Konga : Si ou antre sou nou an tchoulo fatal pou ou salopete kòkay nou, gaspiye pitit fi nou, mete dlo nan je n…

Kongo : ...Si ou desann sou nou ann apantè vòlè tè, avoka apach, mètdam mètchantè espesyalis koutba...

Konga : ...Si ou debake sou nou an lwijanboje, papa toudenkou, fiyèt lalo, landyèz lang razwa, lang jilèt Chandra, lang kouto famasi ki pale ni sa l wè ni sa l pa wè...

Kongo : ...An mòksis, min si, gwo kòlèt, gwo bibit, lenglensou souse san...

Konga : ...An tilititi pope zaza, arivis gran dan, sekwa patekwè patespere, pale franse di lespri pou chante kantamwa, moun anwo moun anba, moun nan mòn moun lavil...

Kongo : ...Nèg fèy nèg eklere, fanm sòt fanm lespri, gen moun pase moun...

Konga : N ap lage kòz la nan pye Bawon, l a jije rezon nou... *(Li pran chante.)*
Bawon Samdi mèt simityè,
Èske gen moun sou latè k pa ka mouri ?
Moun yo mache pale, yo di yo se towo.
Nan sèkèy la, Bawon, n a wè longè yo !

Kongo : Menm si wa pa kouzen ou, prezidan pa bòpè ou...

Konga : Ou te mèt rele pèpap...

Kongo : Sèkèy ou anba bra ou.

Konga : Ou se yon mò vivan.

Kongo : Ou mouri, libera ou panko chante.

Konga : Ou mouri, ou panko santi.

Kongo : Sa a… sa a… se lalwa pa nou.

Konga : Se balans lajistis pa nou.

Kongo : Mwen k te yo, mwen ta mache ès ès pou pye m pa mare nan pèlen, pou ponyèt mwen pa kole nan kwòk dan moulen.

Konga : E silvouplè... nou se fanm Dawome. Nou se Èzili bèl fanm. Nou konn bay payèt, taye bobis.

Kongo : Nou se nèg Ginen. Nou se papa Gede bèl gason. Nou konn danse banda…

Konga : Nou se limena gran jipon… fanm bèl talatàn... gran kareti. Nou bay gason wòklò latounay, fè yo mèg nan tèt. Nou konn mare lalo. Nou konn demare lalo.

Kongo : Kongolito, se ou ki mache. Se ou ki wè. Sa yo di sou zafra a ?

Kongolito : Mesyedam, mwen fatige kou bourik. Lestomak mwen ap vire lanvè. Gaz fin anpare tout jwenti kò m. Si nou vle m pale ban nou, pase ti bè sou po bouch mwen tanpri souple.

Konga : A, Kongolito monchè... ou fè tout bout jounen an ap valtourinen, ou pa fouti di ou pa jwenn on bon pochen lonje men ba ou.

Kongolito : Nou konnen mwen pa siye ak kòk panyòl ni vyewo. Kanta pou frè mizè nou yo… okenn nan yo pa monte chodyè.

Kongolito *(estènen)* **:** Gade si ou kwè m manti... menm yon ti lasibab m pa jwenn !

Kongo fè Konga siy kòmkidire se manti Kongolito ap bay.

Konga : Kongolito, mwen pa kwè ou.

Kongolito : Kòmè pa fè m sa... M konn separe ak moun. Si m te jwenn yon soutni kè, piti kou l ye, fòk mwen ta pot pou nou.

Konga : Fè lang ou touche pwent nen ou, Kongolito.

Kongolito fè mouvman ak lang li pou li fè l touche nen li.

Kongo : Fè sèman ou pa jwenn anyen.

Kongolito : Vyèytimenn mwen…

Konga : Vyèytimenn pa sèman.

Kongolito : Mwen mande Bondye ou mouri, m kadav.

Kongo : Ou ap ranse !

Kongolito : Bon... bon, mwen mande Bondye sa m sot manje a tounen lasini nan vant mwen.

Kongolito deplase, l al pran yon veso...

Konga : Apalipapa, nou kenbe ou !

Konga leve kanpe, li avanse pi pre Kongolito. L ap suiv mouvman li.

Kongolito : Ki sa ?

Konga : Ou konn kouri, ou pa konn kache... Ou mande Bondye pou sa ou sot manje a tounen lasini nan vant ou ?

Kongo : Ki sa ou sot manje a menm ?

Kongolito : Bouch mwen chape se vre, men nou pa bezwen kenbe m nan kè. Se kòmè Jezila ki te fè m lacharite yon ti graten pitimi, li pa t menm ase pou bouche yon tou dan.

Konga : Ban m kanpo m ! Monchè, ou gentan awoyo... Ou pa gen tou dèyè kou ou la pou granmesi. Avoran gwo pans ti sistèm.

Kongolito ap mache nan direksyon bokit dlo a.

Konga : Ep, bòs papa !

Kongolito : Ki sa ?

Konga kouri l al kanpe ant bokit dlo a ak Kongolito.

Konga : Demaske ou douvan bokit dlo a.

Kongolito : Mwen swaf, gòj mwen sèk.

Konga : Al tranpe lang ou nan ma dlo ki deyò a… padon kò ou !

Kongolito : Kòmè, ou ap fè konpè ou chich pou yon gòdèt dlo, se pa vre !

Konga : Si ou swaf toutbon vre, tounen kote ou sot vale aransèl la. Oubyen, ou konn chimen larivyè, men ! ... pran kalbas la al bwote dlo.

Kongolito : Tisò, rale kò ou pou m pa pile ou.

Konga : Pa manyen m !

Kongolito : Bon, mwen pa nan rans, ban m pase !

Konga : Pa ennève m, non ! Wete zago ou sou mwen !

Kongolito : Pa penmèt ou, se chwal ki gen zago !

Konga : Wete pat ou nan figi m !

Kongolito : Pa fout azade ou, se chen ki gen pat !

Konga : Se sa, se sa... konprann mwen nan kremòl tetelang ak ou. Epitou, twa pa ann aryè, twa pa ann aryè anvan m fouke ou, fè pye ou pèdi tè.

Kongolito : Pa pito !

Konga : Se soud loray mwen ye, wi... Si... si... si ou kite m kole dan m kote ou konnen m konnen an, toutotan loray pa gwonde m pa p lache ou, non !

Kongolito : Kongo, lonje m manchèt la, tanpri souple.

Kongo *(leve. Li mache sou mesyedam yo)* **:** Kalma, kalma, mesyedam ! Kongolito, deplase !

Kongo antre nan mitan Konga ak Kongolito. Yo chak fè yon bò.

Konga *(bougonnen)* **:** Chen ki fè ou, kochon ba ou tete !

Kongolito : Lafyant pou ou !

Konga : Lavoum pou ou, Kongolito !

Kongolito : Ale ou laprit, Konga !

Konga : Ale ou lakwann, Kongolito !

Kongolito : Ou gen chans. Tonnè krisboulout mwen, ou fèt an kwaf ! Mwen t ap fè ou wè lwa manman ou ak lwa papa ou on sèl kou.

Konga : Loray fann mwen miyèt moso… ou mèt di Kongo mèsi paske ou t ap monte sou resif, ou t ap jwenn ak zo grann ou.

Kongolito : Mwen ta ensandye ou ak kout pwen !

Konga : Mwen ta defigire ou ak zèl sapat mwen ! Pouki se sou mwen ou grandi ou ? Pouki ou pa kare ak youn nan Dominiken ki manke ou dega chak jou nan lari a ? Pouki ou pa blayi youn atè de pye long ak yon boulèt ? Pouki ou pa makònen nan ren youn leve li otè tèt ou fese l atè ? Enhen, dan pouri gen fòs sou bannann mi. Se sou mwen ou vle geri bosko ou, ou ap jwenn ak pa ou tou !

Kongo : Gade mesyedam, sispann lobo a atò !

Konga : Kongolito konprann m konn bay chen kanson.

Kongolito : Se sa, se sa... pran men ou... m di ou pran men

ou wi, pou m pa fè yon malè sou ou. Mwen anvi ou kou tè sèk ki anvi lapli.

Konga : Tounen... m pini ou tounen. Si ou pa pè marenn ou, se pou ou tounen. Mwen ta montre ou kouman fanm konn bat gason.

Kongolito : Any, any... sa k fè ou pa vini ?... Vin pito. Men kwa manman ou, men kwa papa ou. Si ou se fanm ki gen fanm sou li, vin pile l. Vin trese riban sou li... mazora… marinèt pye chèch !

Konga : M ta di ou kilès ki mazora a wi... m ta di ou kilès ki marinèt pye chèch la, wi ! Sangwen, san sal… pye tòtòy, dyòl mayas.

Kongolito *(fè mouvman)* **:** Repete sa ou sot di a, m defann ou repete sa ou sot di a.

Kongo : Tonnè ! Te kwè m di n met yon lèt « *p* » sou bouch nou. Mesyedam, bwè ti dlo pou n desann kòlè a. Lavi a rann nou akaryat tatalolo. Men deblozay kont nan mitan nou tout lasentjounen pa solisyon pwoblèm k ap trakase lespri nou. Konga machè, pa okipe ou ! Pita m gen pou m al nan kannal.

Kongolito pase al bwè dlo.

Kongo *(pran chante)* **:** « Ki mele n, ki mele n avè yo. Se lwa rasin o ki ban nou pwen an, si pwen an gate, n a jwenn yon lòt o, ki mele n avè yo... » Kongolito, ou pa t esplike Dominiken k ap kodase yo, ak twa zepi mayi nan fetay kay nou, nou rale lajan, nou kwape pichon.

Konga : Se vre wi, nou fè grinbak ak nenpòt moso papye, wòch galèt. Nou rale boul bòlèt premye mayòl nan ti bòl marasa.

Kongolito : Dominiken yo di se boul malatchong, boul ki pa nan kalbas la nou toujou rale... Otreman nou pa t ap nan esklavay bò isit.

Kongo : Pa okipe n, se pwen an ki kon sa.

Kongolito : Se yon pwen salòp, yon pwen malpwòp san koutcha !

Konga : Pou nou kenbe vòlè trapde, nou pase bale.

Kongolito : Zòt di si senp sa a te bon toutbon vre, atò kon sa tout granpanpan meprizan sou tè d Ayiti t ap anba kòd.

Kongo : Pou n bòne lougawou ak chanwan, nou plante lalwa, nou simen sèl ak wowoli nan tout kwen kay nou, nou kwaze bale tèt anba nan papòt.

Konga : Nou boule lansan, nou fè lafimen po zorany, po nwa, pou nou chase movezè.

Kongo : Pou malefis pa antre sou pitit nou, nou benyen yo ak fèy kapab, dlo kanpe lwen, dlo repiyans.

Konga : Nou bay tout kalite pwen... pwen awousa, pwen chans, pwen madansara, pwen envizib, pwen pouvwa, pwen awona.

Kongolito : Zòt di, si ou koute van loray ki soti nan dèyè ti

bourik laplenn, nanpwen chay lou pwa senkant ou pa p foure nan sakpay li.

Konga : Nou konn monte boutèy. Nou fò nan wete zonbi sou krityen vivan.

Kongo : Bon, bon, lè doktè fè bèk atè deklare ka pèdi, lè lamedsin fè fòfè òdonnen kòkmò vin andoye kadav, ak de dwèt nou rache lavi nan zantray lanmò. Nèg save ak sonn tate sonde, bistouri fann fwa ret sezi bèkèkè gaga.

Kongolito : Zòt di, nou se yon ekip dyòlè. Lanmè Jakmèl pa janm vante tèt li di l sale.

Kongo : Pawòl anpil senpman yo pwòp. Sa k fè yo pa di nou ki lè zafra ap… kòmanse.

Konga : Omwen, zòt ta di nou ki lè *oficina* ap bay ti kraze kòb la...

Kongolito : Koze malouk, pawòl anpil, machwè gonfle.

Konga : Kòman yo pa p bay kòb la jodi a ankò ?

Kongolito : Kòb ? Ou pran medsin sou kont pentad mawon...

Kongo : Ou ap betize !

Kongolito : On latriye brasewòs te chita akoukouman douvan biwo bate a men nan machwè. Lè majòdòm te resi pwente, nou te gentan gen dezèdtan ap tann. Misye manche pòtvwa li : « Sa n ap fè sou pewon

an ? » Nou reponn : « Se ti kòb la nou vin reklame ». Sètalò li eksite... li monte... li monte... bouch li kimen... « Sispann fè toutous nan pye mwen. Si lajan an te pare, m ta rele n... disparèt nou douvan *oficina* a... Wonpe ! Wonpe, osnon m ap mande lapolis ak lame vin degèpi nou ak kout pye, kout baton, kout kòs fizi... *Haitianos del diablo... Putanos de Haitianos...* Bann madigra... *Puercos... Raza de maldición...* »

Kongo : Sa nou fè ?

Konga : Sa nou di ?

Kongolito : Nou bougonnen... nou wounou wounou... nou begle.

Kongo : Tonmat vèt ! Nou pa montre l pèz nou. Okenn nan nou pa twoke kòn ak li ?

Kongolito : Non !

Konga : Ala traka !

Kongo : Okenn nan nou pa fout li yon wozèt ?

Kongolito : Non !

Konga : Okenn nan nou pa sapata li ak souflèt marasa paw paw paw paw ?

Kongolito : Non !

Kongo : Okenn nan nou pa sentre li nan senti ?

Kongolito : Non !

Konga : Okenn nan nou pa fè dlo kò l benyen kò l ?

Kongolito : Non !

Kongo : Okenn nan nou pa kofre li ak yon de pye kole ?

Kongolito : Non !

Konga : Okenn nan nou pa kase tèt li ak yon sèl bisuit leta ?

Kongolito : Non !

Kongo : Okenn nan nou pa foure dis dwèt nou nan de tou je li ?

Kongolito : Non !

Konga : Nou se yon kolonn mòkòy mòlòkòsò kò lanmò !

Kongo : Zonbi pete sou nou ?

Konga : Alòs, ou ta bay moun sa yo okipasyon... ou ta pran medsin pou yo… ou pa ta gen rezon.

Kongolito : Panyòl yo di anba pla pye frè Pyè plen pyan.

Kongo : M pa konprann.

Kongolito : N ap klewonnen toupatou nou fò pase fò jak... nou defèt sesi, nou fè sela, men depi sou defen Madan Kolo, nou gen yon java k ap simaye lodè fondanman alawonnbadè, yo pran sant li jouk nan

Ginen. Nou fò kon sa, nou ta dwe geri l. Yon flonn mò ap pyafe sou kòf lestomak nou depi digdantan, nou fò kon sa, nou ta dwe fè yon espedisyon wete move zè pou maladi a gaya.

Konga : Jan yo wè n piti kon sa a, nou pa pitimi.

Kongo : Jan yo wè n piti kon sa a, zo nou plen kò nou.

Konga : Senpman Ogouferay panko sele nou.

Kongo : Djobolobosou panko monte nou.

Konga : Jou n an kolè, anyen pa sa fè nou. Jou n an kolè, n a vomi san ba yo.

Kongolito : Genlè nou pa wè jou bare n !

Kongo : Nou se lanmè Jakmèl ! Lanmè Jakmèl se lanmè ki trèt, li pa janm anonse lè l ap monte disèt wotè, mate anba bwa fouye, pou li fout yo so kabrit…

Konga : Si yo wè Magrit mize, yo pa ta dwe prese bat kata manmzèl pèdi nan wout. Si l mize se pou l pote bon siwo. Pran pasyans ! Se pou yo kale grenn je yo... pa kite kabicha vòlò bonnanj yo, si yo vle wè bèl mèvèy... se pou yo fikse lesyèl tout lannuit, si yo vle wè jan sa bèl lè lalin ap chanje katye.

Kongolito : Yo sanlè tounen pwa tann.

Kongo : Mwen k te yo, m ta met yon bonm te vèvenn fèy gwayav sou dife pou sezisman pa fè lesan toufe mwen, m ta met yon danmijann siwo si alapòte pou nouvèl bridsoukou pa fè m pèdi yon fèy.

Kongolito : Zòt di nou se yon rado gaga bègwè, tèt nan sak. Nou pa p janm fè anyen, mizè a dous pou nou. Dayè nou se moun mouri, moun mouri pa leve.

Konga : Se sa yo kwè ! Moun mouri pa leve, lè se mò Bondye yo mouri, men lè se pechè latè ki toudi yo… yon grenn sèl sifi pou fè yo leve doubout tankou zonbi savann. E lè sa a, pitit gason mwen, m pa p sèmante... men tonnè... tonnè boule m an sann, se ratibwaze alawonnbadè… se grenadye alaso nan pwen manman nan pwen papa, sa ki mouri n a vanje yo… !

Kongolito : Nou fò nan fè gàm. Nou bay kò nou kouray. Nou bay tèt nou manti. Si nou te vle fè, si nou te anvi fè nou pa t ap vire do nou kon sa. Bon kòk pa kouri kite gagè.

Konga : Y a gentan konnen !

Kongo : Bon, se pa sa... ou kwè yo konn pouki, al mande yo si yo konn pouki malgre nou nan mizèrerenobis, nou touni, nou pye atè, nou toujou kanpe ak tèt nou drèt kou pye palmis. Al mande yo si yo konn pouki yo pa janm kontre ak nou an delala dezawa.

Konga : Kongo monchè, yo pa konnen. Yo pa fouti konnen !

Kongo : Nou chouke wo... byen wo.

Konga : Nou se fanm lagè.

Kongo : Nou se gason kanson.

Konga : Nou pa pran bal.

Kongolito : Se pa kalib trannde... se pa plon gaye.

Kongo : Tonnè... tigason sa a menm, ou pa p sispann radote !

Kongolito : Komisyon pa chay mezanmi.

Kongo : Kongolito, men kouman ou kapab koupe pawòl nan bouch yo sèk. Nenpòt lè yo charonyen ou, fawouche ou ankò, annik di yo kras moun pa t fè n charit libète. Nou fè lendepandans ak sèpèt rato wòch galèt, tchou boutèy. Nou fouye kannal, nou brase mòtye ak zong dwèt nou. Nou charye gwo ba fè, pyès kanno manmanpenba, madriye, pilòn, travès sou do nou... pou n bati lasitadèl.

Kongolito : Yo mande ki sa tou sa sèvi nou ! Mapou tonbe kabrit manje fèy li.

Konga *(tchuipe)* **:** Yo ta manyè gen pitye pou yon makòn malere k ap demele gèt yo pou yo dekouvri kote lavi fè kwen.

Kongolito : Yo di si yo pa t gen pitye se dat yo ta refè sa ki te pase nan tan lontan.

Kongo : Sa ki te pase... ?

Konga : Ki sa ki te pase... ?

Kongolito : Zòt di, nou se yon ekip san wont, san santiman. Bay kou sonje, pote mak bilye. Nou pa gen nen. Nou se zobouke chen.

Konga : Gras lamizerikòd ! Ou pa demachwele youn nan yo ak yon pataswèl ?

Kongolito : Non !

Kongo : Grasmarigras ! Ou pa flanke youn nan yo yon palavire ak pla manchèt ou ?

Kongolito : Non !

Konga : Ou pa tyaktyak lang youn nan yo ak katchapika ?

Kongolito : Non !

Kongo : Pa pito se te mwen !

Konga : Kabrit gade je mèt jaden avan l travèse baryè !

Kongolito : Zòt di nou, mouri poul nou... al dousman se renmèd kò, chen ki pè pran kout pye douvan kay vwazinay, se nan nich li rete.

Kongo : Ala de saltenbank !

Konga : Ala de salmanaza ! *(Apre yon ti tan.)* O Jezi Mari Jozèf, o Vyèj Mirak manman… pase men pran pitit ou yo, soutni do n lè n ap redi monte masuife san bout.

Kongo : Mwen mòtifye mwen te kite peyi m.

Konga : O Letènèl papa, sakrifis mwen fè pou m rive enskri nan kaye anbochay, pou se nan petren sa a m tonbe !

Kongolito : Kongo konpè m, Konga gen de lang.

Kongo : Kouman ?

Kongolito : Ou pa sonje Konga toujou rakonte depi premye jou a li te file al enskri san tèt chaje.

Konga : Mwen rakonte moso, m kite moso.

Kongo : Mwen menm, mwen fè de jou ap dòmi kou bèt seren nan estasyon anbochay, yon je louvri yon je fèmen. Opipirit chantan, mwen te gentan sou de pye vanyan m, toujou antèt de liy. Men, lè l ap balanse nan nevè, enskripsyon pral tanmen, toujou gen yon pouse pote boure. Nou ale vini, kou vag lanmè anba nòde. Ti nèg pran gagann, ti nèg bay gagann... ti nèg fè reso... ti nèg fè dodin…

Kongolito : Ayayay... se wozo nou ye n a pliye, kase se pwazon.

Kongo : Adye frè m, se pa t pou lontan. Anvan chat pran tiwèl, yon kavalye bobis banda antre nan won.

Konga : Ki kavalye ?

Kongo : O, o kokomakak antre nan batay. Baton jete m, baton leve m... baton woule m de bò. Kou siprann fè chen rakle, yon kou siprann fè Mèsidye pise san… tchiiiii. Yon ti kadè... bra dejwente, ponyèt kase, zo mis fware, janm plòksò... boul je woule sou glasi... grenn dan detache nan jansiv. Krityen vivan rele… Gras Mari gras... gras lamizerikòd… Manman Mari sove m ! Alèkile atò, lè yo fin charye estwopye, liy

lan vire tèt anba… sa k te nan tèt ateri nan ke, sa k nan ke ateri nan tèt. Men, m pa t konprann si te gen yon moun k ap manniganse mete nou nan tolalito.

Kongolito : Anfinal, ki jan ou te rive fè yo mete non ou nan lis la.

Kongo : Konpè Tirezyas ki wete lasi nan je m.

Konga : Kòman ?

Kongo : Konpè Tirezyas ki esplike m fòmil majik la.

Konga : Ki fòmil ?

Kongo : Sou twazyèm jou a, mwen bòde kaporal Tikòk.

Konga : Kaporal Tikòk... ?

Kongo : Mè wi ! Kapo Tikòk, volontè de lasekirite devan Bondye, devan lezòm... sèl reskonsab branlba, lese frape nemousiko lese pase.

Konga : Kaporal Tikòk sa a nan tout sòs... !

Kongolito : Zepon ou file Kongo... ou pa pot kanson ou pou bèl twèl. Ou al fè kaporal esplikasyon ?

Kongo : Non monchè. Pòt an bwa pa goumen ak pòt an fè.

Konga : Se vre atò !

Kongo : Mwen fèmen men Kapo Tikòk ak 50 pyas. Li ri gra, li bat zepòl mwen, epi li di « pa fatige ou,

demen maten ou se premye moun k ap enskri ». Choz di, choz fèt.

Kongolito *(Plenn de fwa epi li di)* **:** Konga...

Konga : M ap koute ou.

Kongolito : Ou pa sennesòf non, pa vre ?

Konga : Se mwen k te rakonte ou koze kon sa ?

Kongolito : Machè, ou mèt di m sa ou vle, mwen pa kwè ou sennesòf.

Konga : Zafè k gade ou !

Kongolito : Ou sèvi lwa koulèv la, ou sèvi Danbala ?

Kongo : Kongolito, ret nan wòl ou... sispann anmègde ti kòmè a.

Kongolito : Monkonpè, gen koze ki merite pale. Jan ou esplike chay pote boure, gason pa kanpe ki te gen nan anbochay la, pou Konga rive enskri san kè sote, se pa posib, Konga dwe rakonte n lèchoz defilannegui.

Kongo : E ou menm Kongolito, ki mannigèt, pwen disparèt ki te fè yon jou ou dòmi Ayiti epi ou leve Sendomeng ?

Kongolito : Mwen... menm…

Konga : Wi, Kongolito, esplike n…

Kongolito : Mwen menm ?

Kongo : Wi, ou menm Kongolito, ou menm menm.

Kongolito : Memwa m fè m defo…

Konga : A monchè ou sou fent... Di m, ma di ou. N ap koute ou.

Kongolito : Kapo Tikòk… ki te regle sa pou mwen.

Konga : Pou bèl plezi sou dal ?

Kongolito : Konga machè sa pa gade ou…

Konga : Kongo, Kongo…ou konnen se koulye a m konprann sa k fè Kongolito …

Kongolito entèwonp Konga.

Kongolito : Bon… Bon, e ou menm pouki ou ap kache nou laverite ?

Konga ak Kongo plenn.

Konga : Rakonte se vann.

Kongolito : Lè ou ap pale ak medizan malpalan, men lè se ak zanmi ou ap koze, rakonte soutni kè... li soulaje doulè.

Kongo : Pa rakonte pyès... Sèpantye di kè se kòf. Kenbe koze w nan kè w.

Kongolito pwoche bò kot Konga... li seye pase men nan kou l.

Konga *(pouse Kongolito)* **:** Tigason, si ou fè zegui a pike dwèt mwen, m pa p nan jwèt ak ou non !

Kongolito *(tounen ankò)* **:** Rakonte zanmi ou non, ti cheri...

Kongo : Rale kò ou sou ti fi a, satan jerenòs !

Kongolito : Konga, m se bouch tonm nan simityè, m se bwat sekrè, koze ou pa p vante, pawòl ou pa p pran lari.

Konga : Kapo Tikòk ki te... fè m... favè.

Kongolito : Pou bèl mèsi Dyevoulerandra osnon pou bèl plezi sou dal ?

Kongo : Sispann sakaje bil ti fi a, enferyè !

Kongolito : Konga kòmè m, ou vle m fè yon te bwadchenn pou ou ? Pou di ou pa p fè bèl maladi ?

Konga : Wete dyòl maldyòk ou a sou mwen !

Kongo : Bon rete non, apa solèy fin kouche, jiskaprezan nou pa wè rimay Kapatas...

Kongolito : Gen lanmò nan Polin… pral gen rèl kay Makorèl !

Konga : Kongolito, ou pa gen kèk moso rapadou ak bobori sere.

Kongolito : Vire brisak la bouch anba, sa ou jwenn se pa ou. (*Konga pa briding.*) Al tcheke non !

Konga : A, si ou te gen kichòy, ou pa t ap reponn mwen vit kon sa. Men, pou jan ou tikoulout bakonyè, siman ou gen kèk peso mare disèt ne nan pòch kanson ou.

Kongolito : Mwen kò e am, kò e satan.

Konga : E ou Kongo ?

Kongo : Machè, ou konnen si m te gen *plata*, m pa t ap fè kras ak nou.

Konga : Kongolito, vire pòch ou lanvè landrèt.

Kongolito (*vire pòch li lanvè*) **:** M pa gen yon grenn klou.

Konga : Tcheke pòch dèyè yo.

Kongolito : Bon e ou menm, ou pa gen kèk bèl jipon ak dantèl ?

Konga : Pouki sa ?

Kongolito : Ou ta al bay li nan plàn.

Konga (*Rale yon vye valiz... li pran yon bout jipon ladan*) **:** ...Men, dapre nou konbyen y ap ban m pou sa a ?

Kongolito : A, yo pa p pran sa a !

Konga *(rale yon rad sal tou dechire)* **:** Men, konbyen y ap ban m pou sa a ?

Kongolito : Yo pa p pran sa a non plis... *(Li pwoche pre Kongo pou li gade pantalon li an.)* Kongo, kanson sa a an bonneta...

Konga *(pwoche pre Kongo pou li gade pantalon li an)* **:** Men se vre, pote l nan plàn non, konpè m.

Kongo *(pete ri)* **:** Adye mezanmi ! Nou vle pou m sikile sou moun jan Granmèt la te fè m lan.

Kongolito : Wi fout, nou pran nan lak.

Kongo : Jan chèche, Jan twouve.

Konga : Si m te jwenn zo mwen ta souse, si m te jwenn po kann mwen ta lanbe.

Kongo *(plenn)* **:** Wi fout, m santi gwo trip mwen ap devore ti trip mwen...

Kongolito *(pwoche bò ranp lan)* **:** M pa wè okenn mouvman nan bate a. Si omwen nou te konn ki lè zafra ap kòmanse, nou ta kenbe kè, nou ta pran kouraj.

Konga : Se vre wi, si omwen yo te anonse ki lè kouti a ap derape mwen ta mare ren m.

Kongolito : Kouti ?

Konga : Ou konn byen pwòp se nan kouti mwen vin isit.

Kongolito : Ala yon bèl ti wòb. Kilès ki fè l... Manzè Konga... kase file zap ti machin nan, zap ti machin

nan kèw… kase file zap ti machin nan, zap ti machin nan kèw… *(Li pwoche Konga pandan l ap chante, li pase men pran kòsaj lan sou janm Konga... Konga kouri dèyè l.)* Ala yon bèl ti wòb. Kilès ki fè l... se Konga... kase file zap ti machin nan, zap ti machin nan kèw… kase file zap ti machin nan, zap ti machin nan kèw…

Konga : Renmèt mwen kòsaj mwen, sendenden...renmèt mwen kòsaj mwen, mwen di ou, enbesil... pitit sesil.

Konga kenbe Kongolito nan kòlèt.

Kongolito : Anmwe, men Konga ap toufe m...

Kongolito lage kosaj la.

Kongo : Konga, mwen k te ou, m pa ta kwoke dyakout mwen kote men m pa ka rive.

Konga : Wey, nou se yon pè zo byen monte… Nou rayi sò m...

Kongolito : Tisò, yo di ou zafè zap ti machin lan, wete l nan san ou. Mwen ou wè la a, m se gwo recholye nan peyi m.

Kongo : Mwen ou wè la a, m se mèt fewónye nan pòtay Senjozèf !

Kongolito : Men isit la, nou tout se brasewòs, nou la pou menm kòz...

Konga : Radyo te di y ap bezwen koutiryèz, se poutèt sa m degajèt mwen m rantre isit...

Kongolito : Toutan se radyo te di... radyo te di kwètmakwèt...

Kongo : Radyo te di y ap loje n alèz kou Blèz ... y ap ban n bon jan kabann.

Kongolito : Nan pak kochon yo anpile nou... sou atè miyò ak moso katon nou dòmi.

Kongo : Espikè espesyal, espikè ofisyèl nasyonal klewonnen tout lasentjounen, brasewòs ap gen dlo tiyo a gran lijyèn...

Kongolito : Dlo rivyè n ap bwè.

Kongo : Pòtvwa te di n ap nan bon jan swenyay...

Kongolito : Nou gen disèt jou n ap vejete... se nan dizèt pou n mete men nan bouch.

Kongo : Lese Konga reponn... Radyo te deklare n ap gen yon peso chak jou pou jiskaske zafra kòmanse...

Kongolito : Men bè, men mantèg...

Kongo : Kite Konga reponn, mwen di ou. Di m Konga, èske radyo dyòl alèlè, radyo souflantchou pa ban n manti... èske li pa fè nou pran nan ratyè pwazon rat… èske… ?

Kongolito *(pwoche bò ranp lan)* **:** Ep, chiiiiii, chiiiiii... m wè yon nonm sou yon chwal k ap pwoche sanble se Kapatas...

Konga *(pwoche pou li gade)* **:** Mè wi se li... Kapatas... Kapatas... *la plata...*

Kongo *(pwoche)* **:** Kapatas... *la plata, la plata...*

Konga : Kapatas, *soy* grangou...

Kongolito : Kapatas, kote lajan an…? Kale n lajan an !

Kongo, Kongolito, Konga *(pran fè mouvman sou sèn lan tankou yo nan manifestasyon pandan y ap chante)* **:** Kapatas, Kapatas lè n grangou nou pa jwe! Kapatas, Kapatas lè n grangou nou pa jwe !

Pandan y ap chante y ap manifeste, yo rale rido yo dousman dousman jiskaske yo fèmen yo nèt.

Dezyèm tablo

De zafra gentan pase. Pa gen twòp bagay ki chanje nan dekò a. Gen yon kabann de etaj ki gen yon vye matla tou sal tou dechire sou li. Yon liy pou tann rad pase nan mitan pyès kay la. Po kann, pay kann gaye pasipala.

Konga ap fè pwòpte, l ap bale mete lòd. Kongo gen yon pantalon ak yon chemizèt sal sou li. L ap lave yon chemiz nan yon kivèt plastik. Kongolito ap woule sèk.

Konga : Tigason sa a menm menm ou loko... Kote ou wè gen plas la a pou ou woule sèk ?

Kongolito : Machè, kite m jwe... se laj mwen pou m jwe... Zi iiiii. *(Li pase pre Kongo ak sèk la.)*

Kongo : Gade tigason... pinga ou vin monte sou mwen ak sèk ou a, non !

Kongolito : Zi iiii... Jwe twonpe grangou, li toufe lapenn. Lè m ap jwe, m pa santi… Zi... iiiii… m pa santi si grangou ap dechalbore zantray mwen…. Zi…. iiii, mwen anestezi… Zikap… Zikap. *(Li pase pi pre Kongo.)*

Kongo : Men se pa yon rezon pou ou woule sèk la sou pye m, tonnè ! *(Li pouse Kongolito. Kongolito pèdi ekilib. Sèk la kontinye woule poukont li jiskaske li tonbe plat atè.)*

Kongolito : Wey, nou bezwen m granmoun anvan lè m... *(Li reprann ekilib li. Li rekòmanse woule sèk. Koulye a li woule sèk la pre Konga.)*

Konga : Kongolito, ret nan limit ou, sinon m ap kase bwa bale a nan zo bwa tèt ou.

Kongolito : Zikap, zikap… ziii… Pa pito ou ta frape m ak bwa bale pou fè m pa gason... Lè m ap jwe, m pa gen tan pou m kalkile... Lè m ap jwe m pa gen tan pou m reflechi... zi...iiii, lè m ap jwe, lavi a woule dous, li woule swa, li woule ziiiii... ziiiii. Lè m ap jwe, chagren pa toloke m.

Kongo : O, o m t ap bliye di nou sa... M te kwaze ak Vyewo nan kalfou sèt kout ponya, nou fè lontan ap koze. L ap vin wè n pita.

Kongolito : L ap vin wè Konga... Zikap... Zikap... Zikap...

Kongo : Kòman ?

Kongolito : Vyewo ap vin o pye de tèt zòtey. L ap vin fè jako pye vèt nan pye Konga.

Konga : Enben bon, ou konn yon koze m pa konnen. Si m satouyèt ou, ou a rakonte plis.

Kongolito : Jan misye vin isit souvan sètansi, li pa fouti pa gen je sou ou.

Kongo : Ala tigason fèzè ! *(Kongo fè mouvman pou li mete chemiz lan seche sou liy ki pase nan mitan pyès kay la.)*

Konga : Kongo, se moun sèvèl wòwòt tankou Kongolito senpman ki pou kwè relyasyon fanm ak gason se toujou relyasyon fanm ak nonm.

Kongolito : Ban m van m non, machè ! La a menm menm, ou pran m pou yon krebete, yon kannannan. Depi kèk tan, Vyewo pa lache ou yon may... Zikap... Zikap...

Konga : Kongolito, aprann konprann, bon zanmitay, konkòday konn swasanndisèt fwa sèt fwa pi solid pase renmen ti tandrès... li gendwa...

Kongolito : Kwelekwekwe... men bon bi ! Joumou pa donnen kalbas, men se tou nòmal pou zanmitay mennen plasay. Tanzantan, se lanmou bene, ti zyedou, de tèt kole, yon rale sou kote, yon chwichwichwi san fen. Tisò, si Vyewo panko louvri kè l ba ou, konnen li se yon kòk kazwèl dizui kara.

Konga : Mwen menm ou konn wè ap fè lanmou bene ak Vyewo a ? Monchè, pale anpil mennen kont. Mwen granmoun nan tout tou kò m, si m vle fè pyès ak Vyewo, pyès moun... pyès moun pa ka…

Kongolito : O manman tanpri souple wi... Evite m sèt pyas edmi an, wi. M te janm mete opozisyon pou ou fè pozisyon, fè limena ?

Konga : Ou pa ta ka fouti azade ou tou ! Ou pa papa m, ou pa manman m... ou pa ras mwen. Se sote m sote sou ou, se pantan ou pantan sou mwen...

Kongo : Rete kòmè, ou pa bouke bat bouch ou ak Kongolito.

Kongo pran brisak li. Li pran chapo l ak manchèt li pou li sòti.

Konga : M ap met Kongolito nan wòl li.

Kongo *(pran wout pòt la pou l soti)* **:** Kontinye fè esklann jiskaske batay mete pye. Mwen menm, m pral debouye m pou m fè batistè dyòl mwen.

Kongolito : Sa ou jwenn pote pou mwen.

Konga : Pa bliye m non, konpè !

Kongo soti. Kongolito rekòmanse woule sèk.

Konga : Kongolito, ki jan fè nou toujou nan chire pit ?

Kongolito : Se lavi a k kon sa. Zikap... zikap…

Apre yon ti moman.

Konga : *Caramba* ! Apa m t ap bliye !

Kongolito : Bliye ki sa wi ? Zikap... zikap...

Konga : Jodi a ki dat ?

Kongolito : De novanm !

Konga : De novanm… De novanm... se yon gwo jou, Kongolito !

Kongolito : Kòman se fèt ou... ? Yon ti flè wouj, yon bèl ti flè wouj tou limen kou solèy midi pou manmzèl Konga. Yon ti moso lakansyèl pou li. Si m te konn kot manmzèl Simbi bliye peny li, mwen ta vòlò l pote pou li. Si l te di m davans jodi a se fèt li, mwen

ta fè l yon gwo gwo kado... Zikap... zikap... zikap... ziiiikap *(Li pran chante chante Wodrig Milyen ki rele Fèt Mennaj Mwen.)* Jodi a se fèt Konga. Sa m ta ba li kòm kado…

Konga *(pete ri)* **:** Jan ou kripya, Kongolito ! Ou ap pase m nan tenten. Antouka, de novanm se pa fèt mwen. De novanm se pa jou kè kontan.

Kongolito : Ou sonje lakay ! De novanm se lè Gede pise kleren ak konfi nan je timoun fonte.

Konga : Pa betize ou ak mwen, ou wè je m wouj… ou wè m sanble tafyatè.

Kongolito : Sezon kleren, sezon babako manje ak sèvis lwa tou ! Nègès mwen gen nostalji.

Konga : Jodi a, m ta dwe trennen dèyè m atè kou chen k ap bay pichon.

Kongolito *(pale nan nen)* **:** De novanm… Gede pale nan nen, Gede grennen betiz kou lapli. Ti kle monte ti kle desann. Grenn zaboka sèvi zorye anba latcha aswè a m pa p dòmi yas yas manman.

Kongolito voye sèk la nan yon kwen. Li rale yon bout kann anba kèk tchanpan.

Konga : Kongolito, jodi a nou ta dwe chante mès nwa nan dengon yo...

Kongolito *(kontinye pale nan nen)* **:** Mwa novanm se sezon grann Brijit danse banda ak Bawon Samdi nan simityè... *(Li pran chante.)* M pral danse banda,

banda a nèt ale, banda o... « Rete apa chan kann nan peyi Panyòl fini ak mayi mwen... » M pral danse banda banda, banda a nèt ale... « Wi fout, Aleksann pran nan gonm... » M pral taye banda, banda... « O o... rete apa woulobi m derefize woule... » M pral taye banda, banda o, o o… « Koumanman, woulobi m wouye, woulobi m merite yon bon grese sere... » M pral taye banda... « Koumatiboulout ! Woulobi m bloke, woulobi m fware. Mezanmi pou jan m te konn woule banda... siye banda. »

Kongolito kale kann lan ak dan li.

Konga *(pete ri)* **:** Mesye, vakabon se leta ! M pa ta ri pou lajan kontan, jennonm nan fè m griyen dan m pou granmesi.

Kongolito *(mòde bout kann li kòmanse kale a)* **:** Men Konga, se te 2 novanm pa vre ?

Konga : Mè wi se te 2 novanm !

Kongolito : Se vre, se te 2 novanm... Koulye a m sonje. Se te fout 2 novanm.

Konga : Siwo kann nan rafrechi lizyè memwa ou.

Kongolito : ...Se 2 novanm yo te anbake nou kou esklav pou peyi Panyòl. Sa fè dezan depi nou kite lakay.

Konga : De sezon gentan pase depi move lavi ak atoufè konplotè koupèdpòch pimpe nou bò isit. Moulen yo atrap nou depi anlè... tout rele nou rele moulen pa pran priyè.

Kongolito : Chòche pa konn doulè manman pitit... ki mele moulen kann si krityen vivan tounen melas ?

Konga : Moulen kann nan Panyòl pa fè diferans ant bout janm bout ponyèt ak bout kann... li vire tounen moulen dènye sa ki pase anba kwòk dan l. Pa vini ou ki pou sove ou.

Kongolito : Sik la soti wouj, tou wouj nan kòtòf machin nan.

Konga : Dezan pa de jou non, lè ti nèg nan penpennen pase mizè pi rèd pase po bèf.

Kongolito : Nou simen motcha nan pye kann jouk nou ayik jouk nou faya anba solèy boukan dife.

Konga : Fèy kann filange po nou, pousyè kann rann nou pwatrinè, bouche de tou je nou fè nou wè toub.

Kongolito : Atò nou se Ayisyen, tou sa k pa bon se nou li sanble. Rat manje kann, zandolit mouri inosan.

Konga : Tou sa nou fè, se swen kòk pou Fizeme kare.

Kongolito : Lave men, siye atè

Konga : Voye wòch pou konble lanmè.

Kongolito : Ankò nou se Ayisyen, tou sa nou fè pase nan raketè akrèk, kè lanfè, ki aliyen sou de ran pou yo fè koutay sou nou.

Konga : Pesadò peze fòs ponyèt nou nan fo balans.

Kongolito : Se bon Bondye ki fè nou panko fè dyabèt sikre pou valè kann nou devore.

Konga *(fouye nan yon vye brisak... li rale de rès balèn ak yon bwat alimèt. Li kenbe youn, li bay Kongolito lòt la. Li limen toulede.)* **:** Kongolito... jodi a nou dwe liminen pou tout malere parèy nou moulen kann nan peyi panyòl moulen kou kann...

Kongolito ak Konga *(voye chante sa a ansanm; pandan y ap chante y ap mache youn dèyè lòt)* **:**
Nibo sè, Nibo mache n a wè yo, Nibo sè.
Nibo sè, Nibo mache n a wè yo, Nibo sè.
Di Jakomèl nou prale Minao,
Minao nou prale Gelefwe la.
Nibo sè, Nibo mache n a wè yo, Nibo sè.

Kongolito : « Pòl, Ti Andre, Beniswa, Semafi, Ti Lendi... » m nonmen non nou, m pa detounen nou.

Konga : « Pòl, Ti Andre, Beniswa, Semafi, Ti Lendi, Jezila, Jozafa, Jedeyon… » m nonmen non nou, m pa detounen nou.

Kongolito : « Pòl, Ti Andre, Beniswa, Semafi, Ti Lendi, Jezila, Jozafa, Jedeyon, Alsima, Kalmita... » m nonmen non nou, m pa detounen nou.

Konga : Jete dlo pou Mèsidye zòt keyi kou mango nan chimen mawonay.

Kongolito : Jete dlo pou Mèsidye zòt keyi kou mango nan chimen mawonay.

Konga : Ouvè baryè Senpyè, ou a ouvè pou Dyedone ki te manke dega *al señor* Kapatas. Li pran baton pou l pa chape, li pran baton jouk li te trepase.

Kongolito : Ouvè baryè Senpyè, ou a ouvè baryè pou Dyedone ki te manke dega *al señor* Kapatas. Li pran baton pou l pa chape, li pran baton jouk li te trepase.

Kongolito ak Konga *(reprann chante a ansanm)* **:**
Nibo sè, Nibo mache n a wè yo, Nibo sè.
Nibo sè, Nibo mache n a wè yo, Nibo sè.
Di Jakomèl nou prale Minao,
Minao nou prale Gelefwe la.
Nibo sè, Nibo mache n a wè yo, Nibo sè.

Konga : Ochan mwen di... ochan nago mwen di pou yo douz. Yo douz mouri kòt a kòt, men nan men, vwa ankè douvan yon rafal zam a fe kabay, mitrayèt, tonmsonn paske yo t ap penyen lage, paske yo t ap plenyen trase move egzanp, yo pa zannimo kat pat.

Kongolito : Ochan mwen di... mwen di ochan nago pou yo douz. Yo douz mouri kòt a kòt, men nan men, vwa ankè douvan rafal zam a fe kabay, mitrayèt, tonmsonn paske yo t ap penyen lage, paske yo t ap plenyen trase move egzanp, yo pa zannimo kat pat.

Konga : Ayibobo pou Anonsyàn ! Li mouri anplèn senti. Li mouri yon mwa avan kaselezo. Kapatas te fout li yon sèl kout pye anba ti vant poutèt li te koupe yon bout kann pou li moulen desann yon gaz. Li rann flèm jouk li rann san, li rann san jouk ti bonnanj li vole ale.

Kongolito : Ayibobo pou Anonsyàn ! Li mouri anplèn senti. Li mouri yon mwa anvan kaselezo. Kapatas te fout li yon sèl kout pye anba ti vant poutèt li te koupe yon bout kann pou li moulen desann yon gaz. Li rann flèm jouk li rann san, li rann san jouk ti bonnanj li vole ale.

Konga : Venteyen kout kanno pou Jedeyon ki mouri ajenou. Li te koupi paske tèt li t ap fè l mal, li te koupi paske lestomak li t ap mande regleman... twa jou travay san pran kichòy, twa jou travay san rete pou plen kabwèt ra gagann.

Kongolito ak Konga *(repran chante ansanm)* **:**
Nibo sè, Nibo mache n a wè yo, Nibo sè.
Nibo sè, Nibo mache n a wè yo, Nibo sè.
Di Jakomèl nou prale Minao,
Minao nou prale Gelefwe la.
Nibo sè, Nibo mache n a wè yo, Nibo sè.

Kongolito : O Letènèl papa, sa n fè n ap peye !... Se pa posib zansèt nou yo genlè te pran kèk gaj...

Konga : Batwèl figi nou pòtre wòch ravèt... nou panko jenn ti gengenn, nou tèt koupe ak Selina sou baton. Nou tèt koupe ak dayiladoupendouk, masèlkòkòb…

Kongolito : Lavi a mennen nou, li trennen nou. Li malmennen nou, lè nou fè rendong. Li sakaje nou, li tripote nou, li chipote nou lè nou fè wòklò. Nou tounen lamayòt. Tout kote nou antre, ti katkat petevi pèdi nan ranyon lonje dwèt jouda yo sou nou : ... manman men youn, manman men yon lòt, men yon lòt ankò.

Konga : Tout kote nou debake, nou kontre bab pou bab ak lamizè.

Kongolito : Lamizè sele nou, li bride nou.

Konga : Depi digdantan, tan lagè ti konkonm ak berejèn, n ap redi pote chay.

Kongolito : Neye n ape neye. Agwètawoyo, genlè ou pa wè n ape neye.

Konga : Lavi a mete nou dozado ak marasa parèy nou.

Kongolito : Pou ti krik ti krak, nou voye konpayèl nou al bwachat.

Konga : Nou bay manman nou kay Ozanfè pou pouvwa ak lamama.

Kongolito : Pwòp zantray nou pa konn sou ki pye yo dwe danse ak nou.

Konga : O Jezimarijozèf, ala glise masuife a glise, ala long chimen delivrans lan long... karyann karabann, falèz move pas fè mikmak sou wout lavi nou.

Kongolito : Sa n dwe fè Konga pou n pa kankannen dwèt nou nan fwaye dife, sa n dwe fè pandan souf nou panko koupe pou lòlòj nou pa deraye, pou l pa vire kou toupi, pou l pa vonvonnen kou zèl moulen anba toubouyon move van ?

Konga : Sa n dwe fè, nou menm k ap loveye ant lavi ak lanmò ? Sa n dwe fè pou n pa fè lèd, sa n dwe fè pou n

pa pete kous kouri pran lari gwo midi, sa n dwe fè pou brenn nou pa esploze kou bonm klorat bonm peta nan kanaval ?

Kongolito : Sa n dwe fè ?

Konga : O Vyèjmari manman mwen, ou menm ki manman tout manman, ou menm ki anfante san doulè, èske se vre, èske se vre ou ap kite nou pase tout vi nou nan tranche ?

Kongolito : O Senjozèf papa, Senjozèf gwo koyo, Senjozèf bab sal, bab karang, pye tòtòy, pye kanbral… Ou menm ki renmen sa k pa pou ou, men nou ajenou nan pye ou.

Konga : O Èzili bèl fanm, Èzili Freda, Èzili Je Wouj, Èzili Dantò… lonje ban m pou m ka lonje ba ou.

Kongolito : Onon papa brize, brize montay, brize baryè, brize zo yo pou nou, kraze manm yo pou nou. Bounda fache ak atè kote li chita, zazi mennen kwenda, Imalolo bilolo lolo n toutan, woule n de bò, tòtòt tete peze souse kondanse nesle, moulen vale glòt glòt ... Abraram di : ba li bwè, ba li bwa.

Konga : O Ogouferay papa, di m non... sa n dwe fè.

Kongo *(parèt nan pòt la)* **:** Lwa nan govi ret bèkèkè devan parèy keksyon. Batba bat ba douvan parèy pwoblèm, lèsen lèzany nan syèl pa di mwèt... se nou lezòm ki pou chache fouye pou n jwenn sa k pou fèt...

Kongo pase antre. Li depoze brisak li nan yon kwen. Li kwoke chapo li ak manchèt li yon kote. Li chita.

Kongolito : Nou pran nan mazanza devenn kòde. Nou sanble timoun fwonte k ap dangoye, pyange anba chay giyon grann Nanna. Ondire manman nou te leve tete gòch yo douvan Pè Letènèl pou yo modi nou.

Kongo : Sa n fè n ap peye ?

Konga : Se gendwa poutèt nou te achte kredi nan lakou palepalòt oubyen poutèt nou te sasinen lanprè !

Kongo : N ap peye paske nou pa janm fè anyen.

Konga : Nou fè monchè !

Kongo : Nou fè se vre... nou fè pou zòt, boujwa sou bòdmè ak grandon, ti nèg save grandizè bounda won pete kare…

Kongolito : Sa ou pote, Kongo ?

Kongo : Krab mazòrèy.

Kongolito : Ki sa ?

Kongo : Sakit !

Kongolito : Krab mazòrèy, menm !

Kongo : Ayisyen pa janm soud...

Konga : M pran sant mayi moulen ak aransò.

Kongolito : M pran sant bouyon tèt kabrit.

Kongo : Nou gentan konn gou bouch nou ! Nou tande nouvèl la ?

Konga : Ki nouvèl ?

Kongo : Premye chajman esklav yo ap kite Malpas demen maten.

Kongolito : Ayayay... moun sa yo pa jwenn okenn bon pochen rakonte yo kalte masuife ti nèg d Ayiti ap monte pa bò isit.

Kongo : Grannèg ki fè pwofi bab e moustach nan komès la foure bougon mayi nan bouch tout kalbas gran dyòl. Epi, yo lage de gidon nan pwopagann : « Ayisyen ap byen mennen nan Sendomeng ».

Kongolito : Menm jan lè yo t ap anbake nou.

Kongo : Se sa wi...

Konga : Mwen menm... lè mwen tounen Ayiti, nanpwen jou pou m pa demanti yo. M pral apante dènye bouk nan peyi mwen... m ap reyini tout abitan. *(Li rale de twa bagay, li mete yo youn sou lòt. Li monte kanpe sou yo pou li pale.)* Fanmi yo, èske nou sonje nan tan benbo... yo te bwote zansèt yo soti nan Ginen, men nan men, pye nan pye, pil sou pil anba kal batiman... yo te vann yo kou bèt kat pat nan Kwabosal... zansèt yo te trimen, yo te triminen nan chan kann ak bitasyon kafe nan Sendomeng. Yo te revòlte, yo te leve kanpe... « Nou pito mouri pase pou n kontinye viv nan chenn lesklavay... Nou pito mouri pase pou n kontinye viv nan chenn lesklavay... ! » Fanm kou gason te goumen ak lame blan franse jiskaske yo te

pran dwa granmoun yo, monte drapo libète ak endepandans. Jodi a, nan Dominikani, nou chanje mèt, nou pa chanje metye... Ayè ak jodi se de gout dlo, senkant kòb ak de gouden, menmman parèyman. Ayisyen egal esklav nan peyi Panyòl. Manman fè pitit, li pa fè santiman l. Se pa pou sa, se pa t pou sa sanzèt yo te batay… *(Li pran chante.)*
Boukmann o nan Bwa Kayiman
Nou lonmen non ou
Nou pa detounen ou, nan Bwa Kayiman
Papa Boukmann o, nou wè ase
Papa Boukmann o, nou rive nan tobout o
Peyi nou divize, lafanmi dozado.
Nou pa te fè Bwa Kayiman
Pou n sèvi etranje...

Kongolito *(koupe Konga)* **:** Ou ap betize... Lamizè mòde pi di pase reken. Lè yon Ayisyen ap kilbite anba sèkèy madoulè. Mawoka ravaje yanm li, gate bannann li. Tiyogann fini ak patat li. Pou, poulpoul, vè, karapat touye bèt li. Tè a griyen dan sou li. Inondasyon, sechrès, siklòn… san en kalamite tonbe sou li. Tatezoflango dyakoukout li. Pwofitè devalize li. Li frape, li pa tande yo reponn. Solèy kouche, solèy leve, l ap pase tray. Yon sèl anvi pati gen pou pran l. Lè l al kouche, anvi pati a pran kabann ak li, lè l kanpe sou de pye l anvi pati a leve ak li. Li souke tèt li… tèt li vin cho kou vè lanp. Li lave tèt li ak fèy zoranj, fèy bazilik… Bichi ! Anvi pati a la tennfas. Alafendèfen, si l pa degajèt li kou l konnen pou l deboulinen kite peyi a, se tèt li k ap pati… kite l.

Kongo : Monchè, ou mèt di m sa ou vle… si nou pa t kouri kite peyi nou kou moun fou... si nou te ret anplas pou n rasanble fòs nou, gonfle ponyèt nou, mate

anba lenjistis ak lamizè, sitirasyon nou ak sitirasyon peyi nou ta kanbya lontan deja. *(Li voye chante sa a.)*
Depi m soti nan Ginen, moun y ape sonde mwen
Se mwen menm o rasin o
Depi m soti nan Ginen, moun y ape sonde mwen
O se mwen menm, o gwo wòch o!
M soti anba dlo, mwen vole nan lèzè
Kou yo kwè yo pran mwen, m tounen lafimen o
Jou yo konnen sa m sèvi, latè va tranble
Jou yo konnen non vanyan mwen, loray va gwonde
O se mwen menm, o rasin o!
Depi m soti nan Ginen, moun y ape sonde mwen
O se mwen menm, o rasin o !
M soti anba dlo, mwen vole nan lèzè
Kou yo kwè yo pran mwen, m tounen lafimen o
Jou yo konnen non vanyan m, latè va tranble, ey
Jou yo konnen sa m sèvi, loray va gwonde
Se mwen menm, o rasin o !
M di se mwen menm, o gwo wòch o.

Kongolito : Ayibobo... Kongo, sa a se yon bèl ti chante !

Kongolito kòmanse fredonnen chante a.

Kongo : Anba bouch Vyewo... m pran l.

Kongolito (*tchuipe*) **:** Chante a raz, li manke vi.

Konga : Sa Vyewo fè ou la gentan rèd.

Kongo : Ou kwè se ou ki te antre Vyewo nan kay isit la !

Kongolito : M te pran l pou yon moun serye, yon nèg de byen. Men, Vyewo se yon aryennafè yon vadwouyè.

Konga : Manyè gen ti kras respè pou moun ki wè kèk jou anplis ou non, pitit !

Kongolito : Granmoun ki pèdi wòl li, nenpòt ti katkat petevi gen dwa jwe nan bab li.

Konga : Men rete, sa Vyewo fè ou ?

Kongolito : Vyewo se yon ransè, yon grajè, yon mantè...

Kongo : Vyewo ki mantè a ? Mezire pawòl k ap soti nan bouch ou, Kongolito !

Kongolito : Vyewo se rarabwa nan semenn sent. Kon sa, lè bon koze l fini, vle pa vle se nan manti pou l tonbe.

Kongolito : Vyewo te pwomèt ou djòb gason lakou, konpè m ?

Konga : Yo di granmesi chen se kout baton, se vre... kantite sèvis Vyewo rann ou pou se ou ki tounen sendik nan fiftiwonn li jodi a.

Kongolito : Ki byen frize te fè koukou ? Esplike m ki byen frize te fè koukou !

Konga : Sonje lapli ki leve mayi ou, tigason !

Kongolito : Nan mizèrere m ye la a, m pa wè ni lapli ni mayi.

Konga : « Kou yo malad o, yo rele Achade. O, kou yo geri kò yo. Achade se demon. » Kongolito, ou engra... ou san larekonesans. Kòmsi ou bliye lè Dominiken yo

te prita ou la, lè manchèt la te manke ale ak ponyèt ou a... ou t ap rann san, jemi anba doulè, depale anba lafyèv... ou bliye kilès ki te...

Kongolito : Antouka, Vyewo pa te antere manman m pou mwen.

Konga : Ayisyen se kon sa yo ye... menm si ou te fè pou yo pandan santan milan, si ou pa ka fè pou yo yon jou, se kòmsi ou pa t janm fè pou yo ditou.

Kongo : Mwen menm... se vye makak mwen ye, m konprann egzibisyon ti minè sezi.

Konga : Sa k pase ?

Kongo : Jalouzi k ap minen Kongolito !

Konga : Heheyyyy, tande yon redendouk ! Ki bagay ? Jalouzi menm ? Ou konnen m sezi !

Kongolito *(yon ti jan jennen)* **:** Kongo kote... kote brisak ou ? Kot sa ou pote ?

Konga : Tann... Kongolito, kanpe la ! Sa Kongo di a, se pawòl serye ? Se toutbon ou renmen m pou anmorèz ? Se toutbon tèt lonbrit ou bat pou mwen ? Se vre se jalouzi ki mete ou dozado ak Vyewo ?

Kongo : Konga, ou pa reyalize Kongolito pa ka fouti fikse ou nan je ?

Konga : Klere je ou nan je m Kongolito ! Klere ja ou nan ja m, Kongolito !

Kongolito pase sou kote.

Konga : Men mezanmi, Kongolito ta tou wè pyès fanm sa a pa pòy li, li pa kapab siye kajou sa a.

Kongolito : Ti divinò k ap devinen nan boutèy nwè pa ka fouti wè ki maladi m soufri.

Konga : Ki maladi ou soufri ?

Kongolito : Mwen fè alèji ak Vyewo... kou m wè l plim sou do m kanpe, li ban m repiyans degoutans kè plen.

Kongo : Gade si ou kwè m manti... alèji, repiyans, degoutans, kè plen tout se sentòm jalouzi kòryas.

Kongolito : Vyewo se yon lejandè ! Se toutan Vyewo ap rakonte fab. Chak jou se yon timtim bwa chèch. Sètansi, se yon koze laloutcha. Laloutcha pou siye dan kapitalis karanklou, voras rapas... Laloutcha pou rebat kat la. Laloutcha pou repare lavi. Li sere dan l, mare min, mare pwen, bat lestomak, frape pye atè toudenkou ondire on lwa lagè, lwa Bosou bosal monte nan tèt li, tonbe karyonnen : laloutcha, laloutcha, laloutcha !

Konga : Kongolito, pouki sa ou blije fè eskandal piblik sa a ?

Kongolito : M sèmante sou vi m pou m pa pran chenn...

Kongo : Sige... sige, kontinye betize si ou kwè betiz pa p fè ladènye sou ou.

Kongolito : Laloutcha... laloutcha... laloutcha... *(Li di sa*

tankou l ap pase Vyewo nan rizib.) Yo gen rezon taye yon bonnèt kominis met nan tèt li a.

Konga : Bobin fil !

Kongolito : M pa p antre nan okenn mouvman wete trip mete pay.

Kongo : Heyyy ! Sa ou gen pou ou pèdi ?

Kongolito : Sosyete vlengbendeng y ap bati a pa pou mwen… sosyete matchaka, tout voum se do, je wè bouch pe, pandan leta poze sele sou byen tout sitwayen, ekzije malere fè kòve, men tou sa yo gen dwa posede se yon grenn soulye, yon grenn pantalon, yon grenn chemiz, yon grenn fanm… En en, sosyete sa a pa pou mwen !

Kongo : Ou fin rive kote ou ta prale a. Men koulye a ou ap repete tout vye koze pèlen ki pou anpetre lespri ou.

Konga : Ou pa wè Kongolito bata pèdi lakat ? Se pa kon sa li konn reflechi.

Kongolito : Si Vyewo kontinye tingting mwen anmède sante m, m ap pote non l ale. Mache chèche pa janm dòmi san soupe.

Kongo : Depi ki lè ou antre nan nanchon siveye rapòte ?

Konga : Kongo, nou ta dwe veye zo n ak Kongolito, tande !

Kongolito : Mwen bouke ak koze sa yo. Koulye a m anvi kouri monte, kouri desann... mwen anvi tire lobe ak lakansyèl, nwen anvi jwe... *(Li pran sèk la.)* Zi iii…

Zikap… Zikap... Lè m ap jwe kè m kontan, m anvi viv.

Kongo : Pa bay tèt ou manti... ou konn byen pwòp se pa jwe ou ap jwe.

Kongolito : Zikap... Zikap... Ziiikap…

Kongo : Ou ap chèche jwen pou ou demele grangou ki marande trip.

Kongolito : Zikap... Zikap... Zikap... Mwen swaf ti moso solèy, mwen swaf yon ti pwelyèm limyè. M bezwen yon ti kounouk pou m pare lapli.

Konga : Nan sosyete miwomiba, anba pa monte anwo pa desann.

Kongolito : Zikap... Zikap... Zikap... Pipirit vole, li ban m zèl, malfini vole, li ban m zèl, lougawou vole, li ban m zèl...

Konga : Apa Kongolito ap delire, apa li bliye si se sou bitasyon bourik travay chwal galonnen li ye.

Kongolito : Pa gen mwayen chikin kò, glise antre nan rejiman chwal la.

Konga *(pete ri)* **:** Ou pa janm seye foure tèt ou nan yon je zegui.

Kongolito : Koumanman manman lanman !

Kongolito voye sèk la jete. Li pwoche bò kote dyakout

Kongo, l ap eseye gade sa li gen ladan san li pa foure men anndan li.

Kongo : Sa Kongolito pèdi nan dyakout mwen ?

Kongolito : Sanble ou pa pot anyen.

Kongo : Kontinye fouye toujou…

Konga : Kòman konpè m... ?

Kongo : Nou genlè konprann m sèvi kèk lwa zangi, lwa tigougoun k ap mache foure men nan sakit moun pou mwen.

Kongolito : Nanpwen pyès moun ki di sa. Ou achte kredi lè zafra kòmanse pou n peye.

Kongo : Piyay kredi a fini.

Konga : M pa konprann.

Kongo : Mariya met de men nan tèt, komès li sou woulib. Manman lajan *bodega* a prèt pou file ale. Si nou pa fè regleman tout sa nou dwe, tout kredi kaba. Se kalanmplanm. Ban m, m a ba ou.

Konga : Mariya pa fouti di betiz konsa ! Nou toujou kale l lajan l, senpman se pou l tann.

Kongolito : Ou pa karese l, dòlote l, rale l lwen mennen l pre…

Kongo : Mariya sèmante li pa p pran priyè !

Konga : Ou pa di Vyewo gen pou l vin la a. Moun pa se dra. Li pa p refize m si m mande l yon ti kòb prete.

Kongolito : Ki afè fanm ap mande gason prete lajan sa a. Ou bezwen renmèt bèf pou kabrit ? Ou vle twoke kòn pou zago ?

Konga : Vyewo pa moun pou sa. M ap di l devan l, kou dèyè l.

Kongolito : Senpman, mwen di nou rale kò nou anba towo sa a, wi.

Kongo : Rete, apa toudenkou ou soti pou ou foure nan lespri n Vyewo se dènye move je sou latè. Ou kwè Vyewo ak ou se chemiz ak po nou te ye.

Konga : Vyewo se yon bon grenn gason.

Kongolito (*yon jan enève*) **:** Yo di ou non, ou di wi. Enben, boule gra Tisò, tansèlman pinga m tande kwenkkwenk kabrit vale wòch.

Kongo : Kouman ou vle pou n evite pikan kwenna si ou derefize esplike n de ki prevyen jodi a Vyewo ak ou se lennmi jire.

Kongolito : M konn wonf Vyewo ! M demaske jwèt li. Mwen menm nwa. Mwen menm ki pou ta antre nan konkòday konfyolo laloutcha gògmagòg tetelang ak Dominiken, seswa jamè !

Kongo : Koze sa a lakoz bonnanj ou ekate ou. Van pawòl sa a chavire bonnèt ou.

Kongolito : Pou Vyewo pa pè, li pa krenn di « Toutotan Ayisyen ak Dominiken pa met tèt ansanm pa gen anyen k ap chanje sou zile a ».

Konga : M pa fin twò dakò ak Vyewo non plis tou, men se pa yon rezon pou m ta prese kouri mande lanmò pou li, se pa yon rezon pou m pase dènye pawòl li nan rizib. Epitou, Kongolito…

Kongolito : Konga, wete bèk ou nan koze sa a.

Konga *(mache sou Kongolito)* **:** Kongolito, m pa nan frekansite ak ou, non. Pa penmèt ou koupe pawòl nan bouch mwen.

Kongolito : Machè, ret nan wòl fanm ou.

Konga : Se fanm mwen ye ! Poutan lè chèf bizango manche baton kraze zo, li pa fè diferans ant fanm ak gason. Li simen makak pasipala alawonnbadè, lè pilon esplwatè ap pile pitimi li pa triye grenn femèl met sou kote. Se tou nòmal pou m gen lalwa bouch mwen nan dènye koze k ap kozé.

Kongolito : Ou damou nonm nan. Lòlòj ou byen kachte nan boutèy nan logatwa kay Vyewo, ki pawòl serye ou ka di ?

Konga : Kongolito, ou ap file yon move koton ak mwen.

Kongo : Mesyedam, koute... Vyewo di nan goumen pou nou kase kòd lamizè esplwatasyon enjistis ki antòtye nan kou nou, ki mare pye nou, ki mare bra nou, sentre lespri nou, pa gen zafè sa a se Ayisyen, sa a se Dominiken, sa a se Vyeyo, sa a se Kongo... se

malere ak malere, travayè ak travayè ki dwe mete tèt ansanm… M dakò ak li.

Kongolito : Enhen, ou nan bann melimelo sa a tou.

Konga : Nou se Ayisyen nèg fèy, nèg nwè ti zòrèy...

Kongolito : Yo se Dominiken, yon ekip po lanvè ravèt blanch ki plen prejije...

Kongo : Mesyedam, si n ap triye grenadye sou koulè po ak kalte cheve, se san mank n ap melanje madigra ak bon mas.

Konga : Antouka se sèl Ayisyen ki kapab chanje peyi yo.

Kongo : Poutan zafè grandon espekilatè kafe, vetivè, zafè negosyan k ap achte revann sou bòdmè pa zafè peyizan de mwatye ak ouvriye k ap vann fòs kouray yo nan likidasyon pou ti krazay ti grabday. Si nou kwaze ak yo k ap fè wout ansanm, k ap kannale monte kannale desann, rale ti chèz ba nou pou n suiv, avan lontan deblozay ap eklate nan mitan yo, anvan lontan yo gen pou yo deparye.

Konga *(di pawòl sa a tankou l ap pase Kongo nan rizib)* **:** Kote moun yo, kote moun k ap pale moun mal yo... rele yo, rele yo Konga, rele yo Kongolito.

Kongolito *(fè pòt vwa ak men li)* **:** Dominiken gen lèsèt peche kapito... Dominiken panyen pèsi, Dominiken peny tidan, Dominiken foskouch makak... Dominiken sesi, Dominiken sela... Pouki sa ti nèg ap dedi kontredi jodi a?

Kongo : M pa t konprann...

Kongolito : Monchè, Vyewo ki vire lòlòj ou.

Kongo : Lè sa a m te jakorepèt.

Kongolito : Koulye a ou se payas, jakorepèt... ou derefize Vyewo lage yon pawòl pou ou pa atrap li. Senpman m di ou veye... veye m di ou.

Kongo : Veye ki sa ?

Kongolito : Veye nan ranmase anba bab pou ou pa ranmase maladi touse.

Kongo : Ou ap betize ! Konga temwen plizyè diskisyon pale fò ant Vyewo ak mwen...

Konga : Zafè zenga si l pent. Mwen menm, m di koze kominis la, koze mare sosis ak Dominiken an, m pa ladan.

Kongo : Se toutan Vyewo ak mwen separe dozado... jiskaprezan gen anpil koze m pa wè menm jan ak li... M pa dakò pou brasewòs mache met difè nan dènye chan kann nan peyi a...

Konga : Mwa pase... Vyewo rakonte kouman nan tan lakoloni yon esklav bout ponyèt, nèg mawon, ki te rele Makan...dyo, Makan...dal, Makandal te konpoze pwazon fyèl pete rapidfaya pou bay esklav brase nan dlo ak nan manje kolon brital kè lanfè. Li ta vle pou m pale ak bòn, gason lakou pou nou mitonnen menm konplo a nan jounen jodi a. M pa dakò. M derefize.

Kongolito : A, mannigèt je pete klere k ap fè dyòl pwès pran pòz moun save !

Kongo : Se toutan Vyewo ap fè lwanj pou nou daprèzavwa nou ede l dechifre reyalite lavi a pi byen.

Kongolito : L ap kraponnen n... l ap pran n nan fil.

Konga : Mwen menm, m ap met bagay la kote l ye a... Dominiken frekan kou pis... Mwen pa gen santiman chen... mwen gen nen nan figi m. Nou kite peyi n vin fè bèf kabwa nan charye kann pou yo, yo fè sa sèvi jouman.

Kongo : Nou pa koupe kann pou yo ! Nou koupe kann pou gwo potanta... gwo chabrak.

Kongolito : Lapeti diri ti wòch goute grès.

Kongo : Si sik la te koule dous pou tout Dominiken, pa ta gen Panyòl k ap viv nan malsite... Nou genlè bliye mwen menm tou m pa t dakò ak Vyewo pou n pote kole ak Dominiken. Mentou se kolonn ki bat...

Konga : Grandèt rakonte kouman Dominiken te pete zizye yon digdal Ayisyen ditan Twoulyo te prezidan.

Kongo : Se pi gwo erè nou ta fè si nou ta bay pèp Dominiken pote chay sa a.

Kongolito *(enève)* **:** Alèkile monchè ou deraye, ou awoyo… Kilès ki te kòche brasewòs kou bèf ki tonbe mal nan epòk kout kouto ! Ou bliye kilès ki te fwennen frè nou ak sè nou lage yo bay chen defalke pak an pak ! Kilès ki antere Ayisyen tou vivan, se pa

Dominiken ? Kilès... ? Di m kilès non ! Kilès ki voye tibebe anlè vantre yo ak pwent bayonèt ? Se pa Dominiken ?

Kongo : Kongolito, konprann byen...

Kongolito : Konprann byen ki sa ?

Kongo : Ou vle koute m...

Konga : Tout moun konnen Dominiken se pèp ki rayisab... yo pa vle wè ti nèg nwè.

Kongo : Ti nèg gen souvnans sa zòt fè, men sa nou fè zòt, se kout manchèt nan dlo, li pa kite tras nan memwa nou.

Kongolito : Any ! Ki mechanste nou te janm fè zòt ?

Konga : Se vre Vyewo esplike... nan tan dantan lè Ayisyen te antre nan peyi isit... nèg kreyòl te kraze brize... fè dappiyanp sou sa k pa pou yo... bay grandon panzou... entèdi Dominiken bat kòk nan gagè, fòse yo fè sèvis militè... defann yo pale panyòl... men èske se nou ki ta dwe peye po kase a ?

Kongo : M pa di sa... m pa janm di sa ! Senpman si n byen reflechi n a wè kit se ditan Bwaye, ditan Twoulyo ouben jounen jodi a, balanse l de bò, pòv malere Ayisyen kou Dominiken tankou nou pèdan nan jwèt asòs koken k ap kole bout mi nan domino pou yo fè dekabès sou tèt nou.

Kongolito : Antouka tò ou rezon, sanble rankin sa a ap dire vitam etènam.

Kongo : Se nou menm endijan ki koupe fache. Lè gwo zouzoun bò isit ak bò lakay kontre, yo pa reveye zizani ditan jadis. Yo mijonnen, yo fè jis pri, papye siyen, lamama chanje men, yo bwè Babankou ak Baselo, yo danse merenge ak konpa, yo boukante brasewòs pou marimadlèn jamèdodo san bri san kont.

Konga : Kongo monchè, m pa dakò, m pa dakò ditou ditou lè ou menm ak Vyewo lote ansanm fanm Panyòl ki nan lavi kafe ak travayè onèt k ap trennen nan triminay mizerere bat dlo pou fè bè.

Kongo : Konga machè, ou gen dwa pa dakò ! Men travayè ak jamèdodo se bèf ki mare nan menm poto...

Kongolito *(pwoche bò ranp lan)* **:** Rete, sa m wè la a... Konga vini... Kongo vini, vin wè jan Dominiken ap bimen yon nèg.... siman se on Ayisyen.

Konga : Tonnè !

Kongolito : Konga, pran manchèt la pou mwen.

Konga *(kouri al pran yon manchèt)* **:** Hey, bandido... bastante.... *(Li tonbe fè mouvman ak manchèt la.)*

Kongolito : Hey, bandido ! Bastante... Hey, bandido ! Bastante...

Konga : Yo lach kon sa. Gad ki jan li bwaze kou l wè rimay koulin lan.... *(Tankou l ap pale ak moun yo t ap bat la.)* « Antre lakay ou... Fè vit antre lakay ou. » Men koze n ap pale a, wi ! *(Li depoze manchèt la yon kote.)*

Kongo : A, Dominiken *molesta* Ayisyen, menm jan yo *molesta* Dominiken parèy yo... menm jan nan Lafosèt, Raboto, Lasalin, se Ayisyen ki *molesta* Ayisyen, se malere ki *molesta* malere. Se lalwa sosyete gwo toupizi piti, pou tout pi piti viv tankou krab nan hinghang kifkif, kou pou kou, kou kòk gagè. Epitou sa k pou di se pa t yon Dominiken ki t ap bimen yon Dominiken parèy li !

Konga : Kongo pwoche... Kongolito pwoche... Pwoche pou m di n yon bagay. Pwoche non, pwoche pi pre !

Kongolito : Sa k genyen ?

Kongo : Pouki sa ?

Konga : Pwoche pi pre. Pi pre. Raje gen zòrèy. Nou pa konnen ki malveyan ki nan rakwen k ap koute... *(Li tcheke pou li wè si pa gen moun k ap koute yo, epi l al chita bò kote Kongo ak Kongolito.)* M ap tounen !

Kongolito : Tounen ki bò ?

Konga : M ap tounen...

Kongo : Ki bò ?

Konga : M ap tounen Ayiti, m ap tounen nan peyi m. M about, Kongo. M about, Kongolito. *(Apre yon ti tan.)* Lamizè te mennen m isit, lamizè ap bwote m tounen.

Kongo : Kòmsi... ou pa tande konbyen moun yo kenbe sou fwontyè a semenn sa a ?

Konga : Sa l fè l fè, zafè ! Mwen mouri deja, m pa pè santi. M ap pati demen swa.

Kongolito *(tonbe fè ale vini sou sèn nan)* **:** Machè, ou gentan ipokrit.

Konga : M pa t vle di nou sa twò bonè pou n pa t fè m chanje lide m.

Kongo : Machè, poze dèyè ou on kote. Ret trankil se renmèd kò.

Kongolito : Konga, si bouskonès kwaze ak ou k ap pran lyann ....

Kongo : Y ap dechèpiye ou !

Kongolito : Y ap maspinen ou !

Kongo : Y ap wouchinen ou !

Kongolito : Y ap tache yon kolye pikèt fè nan kou ou !

Kongo : Y ap klete yon boulèt pwa senkant nan pye ou !

Kongolito : Y ap kondi ou, mennen ou ale nan Santral Womana oubyen Kasa Vichini pou yo vann ou lajan kontan... y ap...

Konga : Mesye otan...

Kongo : Si *calié* banke ak ou k ap travèse Rivyè Masak...

Kongolito : Y ap tanpe zepòl dwat ou ak zepòl goch ou, Konga...

Kongo : Y ap koupe de fèy zòrey ou ak ponyèt goch ou, Konga…

Konga : Sispann mesye…

Kongolito : Konga, si gad fwontyè, etan y ap fè patwouy, sote sou ou plat atè k ap ranpe anba fil…

Kongo : Y ap defresiye ou !

Kongolito : Y ap gaye sèvèl ou !

Konga : Otan, otan mesye…

Kongo : Konga, si vijil met lapat sou ou pandan ou ap kraze rak…

Kongolito : Y ap fè kadejak sou ou !

Kongo : Y ap fè ou fouye on tou mezi kò ou, y ap mare ou de latèt o pye, y ap mete ou kanpe nan tou a rèd kou jibis.

Kongolito : Lamenm y ap simen siwo kann sou ou, bay flanman devore mwèl tèt ou.

Konga : Sispann mezanmi ! Mezanmi sispann, sispann toumante lespri m ! M pa p kite n kontrarye m nan chimen m.

Kongolito : Konga, se pa Vyewo k ap sove ak ti poulèt ?

Konga : Non, Kongolito se pa Vyewo k ap sove ak mwen ! Si kiyè bwa te pè chalè, manje pa ta kuit. Mwen

jwenn yon pasè ki pa twò cheran… Mwen reyini yon ti kòb... Kite m ale ale m. M ap tounen. M pa pral fè gwo, m pa pral fè piti. M pral fè sa m kapab.

Kongolito : Machè, pito nou lèd nou la. Ou gendwa mouri tèt nwè tou, wi !

Kongo : Enben, Kongolito, se ve l, se lide l, se pou n reziyen n kite l ale.

Kongolito : Konga, ou pa reyalize pou tan nou fè n ap viv ansanm nan, lonbrit nou fin makònen youn ak lòt. Konga, mwen renmen ou, wi. Si yon malè rive ou ? Mwen renmen ou Konga, mwen renmen ou tankou sè m, mwen renmen Kongo tankou frè m... Si yon malè rive n, kilès k ap ede m pote chay lavi a ? Si ou ale Konga, ak kilès m pral fè lòbèy ?

Kongo : Kongolito, met gason sou ou... lavi malere se kon sa… *(Li pran yon manchèt li pote l bay Konga.)* Ti kouto miyò pase zong. Pran melyasin ou pou ou fè lawout.

Konga *(pran manchèt la)* **:** Mèsi, Kongo !

Kongolito : Si ou ale Konga, pou di n ap janm wè ankò ?

Kongo : Nan konpreyansyon pa m, nou gen pou n kwaze ankò. De mòn pa kontre men de kretyen vivan kontre. Lavi se yon boul. Se woule l ap woule. Malere sou latè gen pou kwaze nan kalfou kat chemen. Ann kase randevou Kongolito. Konga, ann kase randevou…

Konga *(depoze manchèt la bò kote li, li pran chante pandan l ap ranmase zafè li)* **:**
Ale m prale.
M pa p travay ankò m prale.
Divinò pa Bondye woy m prale.
M pa p travay ankò m prale.
Divinò pa Bondye woy m prale...

Yo fèmen rido.

Menès Dejwa
Me 1986

Ki moun Menès Dejwa (Menès Déjoie) ye ?

Menès Dejwa (Menès Déjoie) se yon sikològ ki travay pou Biwo Edikasyon Vil Nouyòk pandan plis pase 25 an. Pandan tout karyè li, Menès patisipe anpil nan devlope kourikoulòm ak nan fè tradiksyon an Kreyòl pou òganizasyon leta ak konpayi prive oz Etazini. Menès Dejwa pase 8 an ap anseye evalyasyon sikolojik ak evalyasyon akademik nan nivo metriz nan Depatman Edikasyon nan *Brooklyn College* oz Etazini.

Menès Dejwa ekri de pyès teyat *Zobouke* (1984) ak *Masuife* (1986). Li kolabore ak Max Eugene nan ekri plizyè eskètch politik komik (*Radyodyòl*) ant 1986 ak 1990 pou yo te prezante nan diferan espektak nan vil Nouyòk. Menès Dejwa te jenn tibway nan lekòl segondè lè li te kòmanse fè teyat ann Ayiti. Li te etidye teyat nan INFA (*Institut National de Formation Artistique*). Pandan on bouttan, li te manm CTH (*Compagnie du Théâtre Haïtien*), JTTH (*Jeunes Talents du Théâtre Haïtien*) ak CP (*Compagnie des Potins*).

Menès Dejwa fè rechèch sou edikasyon nan konstitisyon peyi d Ayiti, lang nan konstistisyon peyi a, lang ak kominikasyon ann Ayiti ak pwovèb kreyòl ayisyen. Menès ap travay ak kèk zanmi pou li met sou pye on sit entènèt pou rasanble tout kalite dokiman an kreyòl ak pou li ankouraje pwofesyonèl ayisyen ekri sou tout kalite koze an kreyòl.

CPSIA information can be obtained
at www.ICGtesting.com
Printed in the USA
LVHW021445260219
608807LV00021B/980/P



An 1978, Moris Lemwàn (*Maurice Lemoine*) ki se yon ekriven-jounalis franse debake an Ayiti. Li monte desann Kwadèboukè ak Leyogàn pou li suiv mouvman anbochay brasewòs Ayisyen pou y al koupe kann nan Panyòl. An apre, li travèse an Dominikani pou l al gade nan ki kondisyon brasewòs yo ap viv, nan ki kondisyon y ap travay nan bate yo. Kit se te an Ayiti oubyen an Dominikani, Lemwàn te dekouvri yon konfyolo ki te byen monte ant gouvèlman ayisyen ak gouvèlman dominiken pou yo prije fòs travay Ayisyen. Lemwàn te wè ak de grenn je nan tèt li kalte abi, enjistis ak imilyasyon brasewòs Ayisyen sibi ni nan anbochay an Ayiti ni nan bate Sendomeng.

Lemwàn pa nan je wè bouch pe. An 1981 Moris Lemwàn pibliye « Sik Anmè » (*Sucre amer*), yon liv repòtaj sou komès brasewòs Ayisyen ant otorite ayisyen ak otorite dominiken. Pandan m t ap li liv sa a, lide pou m ekri yon pyès teyat (*Masuife*) sou lavi brasewòs nan Sendomeng te pase nan tèt mwen. Se te an 1985. Te gen apeprè 250.000 Ayisyen an Dominikani. An 2015, kantite Ayisyen k ap viv nan Panyòl depase 500.000.

...Okenn gouvèlman nan peyi d Ayiti pa dwe janm siyen kontra pou Ayisyen al koupe kann Sendomeng ankò. Diktati ale, lamizè rete. Kondisyon pèp la pa chanje. Ale vini ant Ayiti ak Dominikani kontinye san kontra. Bouskonès ranmase Ayisyen sou fwontyè, yo mennen yo ale nan zafra. Koutye Ayisyen pran kòb nan men peyizan pou yo kondi yo ale... Lamizè pa dous. Nan mache chèche kote dlo a koule pi fre, yon bann ak yon pakèt Ayisyen pase anba fil pou yo pot tèt yo ale nan bate.

Lòt bò fwontyè, nan Panyòl, nouvo lwa imigrasyon an 2004, nouvo konstitisyon an 2010, desizyon tribinal konstitisyonèl an Septanm 2013... prejije, malfezans, pèsekisyon, lesklavay, peripesi, depòtasyon... kondisyon lavi Ayisyen k ap viv an Dominikani vin pi mal.

Masuife pa yon pyès sou evènman ki pase sa gen bèldriv... *Masuife* se reyalite lavi Ayisyen an Dominikani ak an Ayiti nan jounen jodi a.

ISBN 9781539054085
90000 >
9 781539 054085